**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

«Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў» кафедрасы

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема:** «Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәденияттың тутқан орны»

Илимий басшы: ю.и.к.доц. З.А.Реймова
Орынлаған: 4 курс студенти Режепов. У

НӨКИС- 2012

# М А З М У Н Ы

Кирисиў ..........................................................................................................3

I Бап. Ҳуқықый мәдeният түсиниги ҳәм ҳуқықый мәдeният тәлиймат мәселелери..........................................................................................................8

1.1.Ҳуқықый мәдeният тәлийматы түсиниги…………………………………8

1.2.Ҳуқықый мәдeният - турмыстың бир бөлеги .………………………..…16

II Бап. Ҳәкимият ўәкилликлерин бөлистириў - ҳуқықый мәденияттың конституциялық принципи……………………………………………...23

2.1. Өзбекстан Республикасында пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәдениятын жетилистириў әселелери…………………………………………...…23

2.2.Суд-ҳуқық реформалары ҳәм пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәдениятын жетилистириў машқалалары……………………………………………...27

III Бап. Өзбекстанда ҳуқықый маденияттты жетилистириў мәмлекетлик сиясатынын әҳмийетли бағдары…………………………………………32

3.1.Жамийетте ҳуқықый маденияттты жетилистириу миллий багдарламасын ислеп шыгыў………………………………………………………………..32

3.2.Жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў миллий бағдарламасынын дузилиси хам тийкаргы мазмуны……………………….35

3.3.Ҳуқықый тарбия хам халыктын ҳуқықый маденияты…………………40

Жуўмақлаў ................................................................................................... 48

Пайдаланылған әдебиятлар дизими ........................................................... 52

## Кирисиў

Өзбекстан Республикасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳуқықый мәдениятты жетилистириў ушын шараятларды жаратпақта, инсанлардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийнлеўге кепиллик бермекте Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримовтың айтқанындай: «Халқымыз, әсиресе жаслардың ҳуқықый санасынҳәм мәдениятын жетилистириўге қаратылған ис-илажлар дәстүрлери кең көлемде әмелге асырыўға айрықша итибар бериў керек»[1]-дейди. Бунда Президент ҳәр бир пукара өзиниң ҳуқық ҳәм еркинликлерин билсие ҳәм оный қорғай алсын деп көрсетеди.

Ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында ҳәм ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ Өзбекстанда мәмлекет ҳәм жәмийет турмысын демократик тәрептен және де жаңалаўға ҳәм суд-ҳуқық системасын реформа қылыўға кирисилди. Бунда сөзсиз Президентимиз Ислам Каримовтың тарийхый хызметлери үлкен болды. «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» китабы әне усы реформалардың қандай қыйын бир дәўирде басланғанлығын, олардың қурамалы ҳәм оғада қарсылықлы раўажланыў темплери, дәслепки нәтийжелерди әдалатлы тийкарда көрсетип бериўи менен үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе[2].

Ҳақыйқатындада демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң, пуқаралық жәмийетти раўажландырыўың тийкарғы шәртлеринен бири-бул сол жәмийеттиң ҳәр бир ағзасының зәрүр дәрежедеги ҳуқықый мәдениятын жетилистириўден ибарат.

Ҳуқықый мәдният, билимлилик, халықтың сиясий искерлиги, демократиялық тийкралардың адамлар санасына терең сиңип барыўы миллий мәмлекетшиликти орнатыўдың тийкарғы шәрти екенлиги мәмлекет

[1] Каримов И.А.Озод ва обод Ватан, эркин ва фарован ҳаёт-пировард мақсадимиз. Т.: «Ўзбекистон».2000.30б.
[2]Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида» китобини ўрганиш бўйича ўқув-услубий қўлланма. Тошкент-2012. Б-24.

парламенти дәрежесине де көтерди. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң 1997-жыл 29-августта болып өткен тоғызыншы сессиясында «жәмийетте ҳуқықый мәдениятты раўажландырыў миллий бағдарламасы» қабыл етилди. Бул мәмлекет бағдарламасында халықтың ҳуқықый мәдениятын раўажландырыў, ҳуқықый тәлим-тәрбия ҳәм үгит-нәсиятларды әмелге асырыўдың ўазыйпалары, баслы бағдарларын белгилеп берилди. Нызамды, ҳуқықты ҳүрмет етиў, оларға бойсыныў ҳәр бир пуқараның турмыс талабы ҳәм исенимине айланыўы ушын жәмийет, мәмлекет ҳәм халқымыз әмелге асырыўы халықтың түрли қатламлары, социаллық топарлардың дәрежеси ҳәм қәсийетлерин анық тастыйықлаған ҳалда әмелге асырылады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: “Биз ислеп шыққан ҳәм бүгинги күни турмысқа асырылып атырған усы моделдиң мазмун-мәниси - мәмлекет қурылысы ҳәм конституциялық дүзимди түпкиликли өзгертиў ҳәм жаңалаў, экономиканы идеологиядан бөлек қойыў, оның сиясаттан үстинлигин тәмийинлеў, мәмлекеттиң бас реформатор ўазыйпасын орынлаўы, яғный реформалардың инициаторы болыўы ҳәм оларды муўапықластырып барыўы, нызам үстинлигин тәмийинлеў, күшли социаллық сиясат жүргизиў, реформаларды басқышпа-басқыш ҳәм избе-из алып барыў принциплерине тийкарланатуғын сиясий, экономикалық ҳәм социаллық реформаларды әмелге асырыўдан ибарат[1]”- деп айтады.

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

Халқымыздың ҳуқықый мәдениятын асырыў, ҳуқықый кадрларды таярлаў, нызамлар ҳәм де басқа да ҳуқықый ҳүжжетлер әҳмийетин халыққа толық ҳәм терең жеткериў ҳәзирги дәўирдиң талабы.

Сондай-ақ, Өзбекстанда ҳәм Қарақалпақстан Республикаларында ҳуқықый мәмлекет қурылысы жолында алып барылып атырған сиясий, экономикалық, социаллық реформалар ҳәм бул бойынша қабыл етилген нызамлар әҳмийетин халық тәрепинен терең аңлап жетиўге ҳәр тәреплеме көмеклесиў - мәмлекет басқарыў, ҳуқықты қорғаў органлары, оқыў орынлары ҳәм ҳуқықый алымлардың ең әҳмийетли ўазыйпалары екенлигин тастыйықлайды.

Жоқарғы мәдениятлы, билимли, жетик инсанды тәрбиялаў дәўирдиң әҳмийетли ўазыйпасы болып табылады. Соннан келип шыққан ҳалда кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасында төмендегилер айтылады. «Инсан, оның ҳәр тәреплеме кәмалатқа ерисиўи ҳәм раўажланыўы ... әмелге асырып атырған реформалардың тийкарғы мақсети ҳәм ҳәрекетлениўши күши болып табылады...»[1].

Ҳуқықый мәдeният тәлийматы менен байланыслы болған мәселелерди изертлеўдиң илимий ҳәм әмелий әҳмийетин оған тек ғана ҳуқықтаныўшы алымлар ғана емес, ал философлар ҳәм социологлардың да қызығыўшылығы күшейиўине себеп болмақта. Ҳуқықый мәдeният машқаласына илимий қызығыўшылықтың күшейгенлиги, тереңлескенлиги ҳәм классификацияланғанлығын көрсетиў менен бирге оны теориялық жақтан үйрениў бойынша жағдайды еки тәреплеме жағдай деп айтыў орынлы. Бир тәрептен, ҳуқықый мәдениаттың түрли тәреплери изертленген мийнетлер дизими кеңейип бармақта, екинши тәрептен болса, әмелде барлық изертлеўлер ҳуқықый мәдeният машқаласының улыўма тәлийматының мазмунға бағдарланыўы жетерли емеслигин тастыйықламақта.

---

[1]И.А.Каримов. Ўзбекистон Конституцияси-бизучун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳком пойдевордир. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 17 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. //Халқ сўзи.-2009 йил.-6 декабрь.

Соның менен бирге ҳуқықый мәдeният тәлийматы өзине сай. Себеби, ол басқалардан ажыралып туратуғын предметине ийе, оның объектив әҳмийетин ашып бериў мақсетин қояды, бул мәнисти, оның жүзеге шығыў формаларын ҳәм тек ғана өзине тийисли болған категориялар ҳәм түсиниклер системасындағы нызамлықларды түсиндиреди өз билимлерин арнаўлы юридикалық пәнлер ҳәм социаллық әмелият дәрежесине «алып шығатуғын» тийисли тараўға ийе.

## I Бап. Ҳуқықый мәденият, тәлиймат мәселелери

### 1.1.Ҳуқықы мәденият тәлиймaты түсиниги

Мәмлекетмиздиң сиясий ҳәм ҳуқықый системасында әмелге асырылып атырған түпкиликли реформалар, жәмийет турмысын демократластырыў мәмлекетшилигимиздиң концепциясын қайта көрип шығыўды, пуқаралық жәмийет ҳаққында теориялық көз-карасларды өзгертиўди, шахс пенен мәмлекет ортасында жаңаша мүнәсибет орнатыўды талап етпекте. Өзбекстан демократияға барыўдың өзине сай жолын таңлады. «Биз ғәрезсиз ҳуқықый мәмлекетти орнатыўдың тийкарғы мақсет ҳәм ўазыйпаларын белгилер екенбиз, Өзбекстанның цивилизация ҳәм раўажланыўының жоқары шоққысына ерисиўде мәдений ҳәм тарийхый мийрастың, халықтың инсаныйлық қәдирятларының жоқары орынларын ийелеген улыўма инсаныйлық қәдириятлар ҳәм шегараларына садық болған азат ҳәм ҳәр тәреплеме камал тапқан шахс тийкарғы таяныш болыўын қайта-қайта айтылған»[1].

Ҳақыйқый демократиялық ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў ҳәм оның пуқараларын камал таптырыў процеси ҳуқық ҳәм мәмлекеттиң әҳмийети ҳәм ўазыйпасына, көп ғана ҳуқықый ҳәдийселерге жаңаша ҳәрекетти, олардың буннан кейинги ҳәрекетлерин белгилеў мәселелерин қайта көрип шығыўды талап етпекте. Мәмлекет уйымларының иси бәрҳама жәмәәтшиликтиң дыққат орайында турады. Бирақ, пикиримизше, ғәрезсизлик жылларында ғана олар хызметиниң нәтийжелилигин асырыўға анық бурылыс жасады. Бунда бир қатар ҳалатлар белгилеўши әҳмийетке ийе.

Биринshiден, мәмлекет ғәрезсизлиги ҳәм ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў анық реформалар, қәлиплестириўден, бузылыўларға шек қойыўдан ғана ибарат емес, ал тоталитар системадан, административ -

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. -Т. Ўзбекистон, 1997, 183-бет.

буйрықпазлық системасынан демократиялық пуқаралық жәмийетке өтиўден ибарат[1].

Ҳәзирги дәуирде бул өтиўдиң жаңа басқышы басланды, бул басқышта алдыңғы аяўсыз системалар ҳәрекеттен тоқтатылған, пуқаралық жәмийетине сай жаңа демократиялық формалар еле қәлиплеспеген. Дәслепки дәуирде ҳәр тәреплеме демократия, раўажланған базар экономикасы раўажланыўына жәмийет жүдә үлкен себеп болды. Бирақ, советлер кейинги социаллық турмыста стихиялы ўайран етиўши күшлер көтерилди-миллетлер аралық даўлар көрилмеген дәрежеде кескинлести, экономикада кескин пәсейиў жүз берди, жынаятшылық ен жайды.

Екиншиден, ҳәзирги басқышта руўхый ҳәм социаллық турмысқа болған көз-қараслар жаңаланып бармақта` улыўмаинсаныйлық қәдириятлар, демократия, инсан ҳуқықлары биринши орынға көтерилип бармақта[2].

Адамзаттың үлкен машқалалары, улыўма социаллық билимниң раўажланыў дәрежеси ҳуқықый мәмлекет концепциясы тәрепинен илгери қойылған улыўмаинсаный қәдириятлардың жоқарылығы белгили. Ҳуқыққа ҳәм мәмлекет структуралары ҳаққындағы түсиниклерге жаңаша мәни бериў жағдайды жаңаша талқылаўға кескин бурылыс жасаўды талап етпекте. Мәмлекет уйымларының нәтийжели ислеўиниң машқалалары да жаңа итибарға мүтәж болған социаллық ҳәдийсе болып есапланады. Пуқаралық жәмийетти қурыў процессинде шахс проблемасы әҳмийетли күшке ийе. Ол инсанның экономикалық, социаллық, ислеп шығарыў, илимий техникалық, шөлкемлестириў-басқарыў мүнәсебетлери системасындағы хызмети ҳәм тәжирийбе менен байланыслы ҳәр түрли мәселелерди өз ишине алады. Сол

---

[1] Аъзамхўжаев А.А. Правовые основы государственной независимости Республики Узбекистан. Ташкент, 1993, 14-16-бетлер.

[2] Жавлиев Н.Б. Ҳуқуқ устуворлиги концепцияси ва унинг жамиятни эркинлаштиришдаги аҳамияти // ТДЮИ илмий мақолалар тўплами.-Т.: 2005.N12. -76б.

себепли бул машқаланы изертлеўге көп ғана алымлар ҳәм әмелиятшылар өз күш ғайратын сарп етпекте. Оны талқылаў инсан хызметиниң барлық тәреплерин ҳәм тараўларын есапқа алыўды талап етеди. Соның менен бирге изертлеўшилер инсан қәбилетиниң пүткил ҳәр қыйлылығын үйренип ғана қалмастан, оны толық ашыўға, инсанның пикирлеў психологиясын ҳәм минез-қулқын қайта қурыўға көмеклесиўлери лазым. Ҳәзирги ўақытта инсан ҳаққындағы пәнлер алдында шахсты үйрениў стратегиясын ислеп шығыў ҳәм терең, кең көлемли изертлеўлерди шөлкемлестириў ўазыйпасы бар. Бундай ўазыйпаның қойылыўына себеп сол, ҳәзирги ўақытта инсанды үйрениў әллеқашан ол ҳаққындағы пәнлерде даўам етип атырған кемшиликлерди сапластырыў жолларынан бири үзиликсиз тутас жерлерден тысқары, қандай да буўынды жаратыўдан ибарат. Еркинлик ҳәм жуўапкершилик пенен ҳәрекет етиўге қүдирети жететуғын шахс ҳаққындағы көз-қарасты өзинде сәўлелендириўши анық инсан образы әне усы буўын болыўы керек.

Ҳәзирги инсанның социаллық, ислеп шығарыў хызмет шәраятлары толық раўажланып ҳәм қурамаласып баратырғанлығы оның интеллектуал ҳәм эмоционал қәбилети ҳаққындағы, оларды жүдә нәтийжели әмелге асырыў ҳәм ҳәр тәреплеме ашыў имканиятларын ҳәм жоллары ҳаққында мәселелерди шешиў бир қатар пәнлер тийкарында терең анализди, әмелий ис хызметкерлери менен күш-ғайратларын бирлестириўди талап етеди[1].

Турмыс соны көрсетпекте, жаңа ўазыйпаларды ески усыллар менен шешиў мүмкин емес. Әне усы усыллар арасынан нәтийжелисин таңлап алыў зәрүр.

Ҳәзирги күнлери тәртип ҳәм тәрбияның роли жоқарылап кетти. «Жоқары дәрежели тәртиптеги пуқараны өсириў - ҳәр бир пуқараның ўазыйпасы»[2] - деп атап өтти Президент И.А.Каримов. Буған тек ҳуқықый

---

[1] Х.Маматов. Ҳуқуқий маданият ва жамиятнинг шаклланиш муаммолари.Тошкент-2009. -17-б.

[2] И.А.Каримов. Ўзбекистон Конституцияси-бизучун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳком пойдевордир. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 17 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. //Халқ сўзи.-2009 йил.-6 декабрь.

хызметкерлер емес, ал социаллық пәнлер ўәкиллери де итибарын қаратпақта. Пуқаралық жәмийети улыўмаинсаныйлық тәртиптиң бузылыўларынан қорғаўдан, социаллық әдалат принциплерин әмелге асырыўдан ибарат` бул сөз бенен ис бирлиги` ҳадал, жоқары сапалы мийнетти қәдирлеў; оған ҳақы төлеўде «теңлик» шәртлерине ҳәм бийкаршылыққа шек қойыўдан ибарат.

Тек ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириўге ғана ҳуқықтың жоқары әҳмийетин тәмийнлейди. Оның бул әҳмийети социаллық әдалаттың инсаныйлық мәнисинен келип шығады. Ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў көп тәрептен шахс пенен жәмийет ортасындағы өз-ара мүнәсебетлер руўхын белгилеп берген алдыңғы шеклеўлер системасынан бөлеклениўге имканият жаратады. Шеклеўлер системасы индивидти халыққа араластырып, бул революция идеаллары жолында өзлигинен кешиў ҳәм өзин қурбан етиў руўхын пайда етеди, ҳуқық ҳәм еркинликлердиң шеклениўи белсендиликти ҳәм ғәрезсизликти сөндирди. Административлик буйрықпазлыққа тийкарланған басқарыў системасы ҳәм оның басқармадағы ҳуқық хызмети жәмийетимиздиң руўхый мүнәсебетлерине үлкен зыян жеткерди. Сол себепли 80-жыллардың ақырларында бундай ҳалатлар ҳуқықый идеологияны төменлетип ағартыўшылықтың унамсыз тәрепке бурылыўына, миллий қәдириятлар өзгерип кетиўине алып келди.

Ҳуқықтың раўажланыў дәрежеси жәмийеттиң руўхый раўажланыўына үзиликсиз байланыста. Сол себепли тәртип ҳәм әдалат шегараларының әҳмийетине жеретли дәрежеде баҳа бермеў мүмкин емес. Олар әмелдеги ҳуқықта қанша көп көринсе, оның демократиялық тәбияты сонша бай ҳәм терең болады.

Демократиялық ҳуқықый мәмлекет орнатыўдың зәрүр шәрти пуқаралар, лаўазымлы шахслар, социаллық топарлар ҳәм пүткил жәмийеттиң ҳуқықый мәденияты жоқары дәрежеде болыўды ҳәр тәреплеме тәмийнлеўден ибарат. Ҳуқықый мәдeният әмелдеги нызам ҳүжжетлеринде

бәрҳа инсанның имканиятларын есапқа алыўды, нызамшылық процессин демократластырыўды, нызамлылыққа бойсыныўды, шахсты ҳуқықый қорғаўды, пуқаралар ҳуқық ҳәм еркинликлерин әмелге асырыўдың сиясий ҳәм юридикалық кепилликлери системасын беккемлеўди талап етеди. Бул ўазыйпаларды шешпей турып, ҳуқықый мәмлекет ҳаққында айтыў мүмкин емес.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» -атамасындағы баянатында: «Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта»-деп айтады[1].

Ҳуқықый мәмлекетте ҳуқық ҳүкимран болып, ол пүткил мәмлекет турмысының, мәмлекет ҳәм пуқара ортасындағы мүнәсебетлериниң тийкары болады. Минез-қулық қағыйдалары системасы сыпатында ҳуқық анық мақсетлер, умтылыўлар, социаллық шәраятларға қарамастан мәмлекет ушын да, пуқара ушын да мәжбүрий болып табылады. Социаллық турмыста ҳуқықтың ҳүкимранлық етиўи идеясы ҳуқықый мәмлекеттиң әҳмийетли тәрепи болып қалмастан, соның менен бирге жәмийет ҳуқықый мәдениятының көрсеткиши де болып табылады. Нызамға бойсыныўды ҳәм

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

ҳуқықты ҳүрмет етиўди барлық шаралар менен қарар таптырыў - демократиялық ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириўдиң оғада әҳмийетли бағдары болып табылады. Өзбекстан Республикасы Президенти бул мәселеге үлкен итибар берип былай жазады «Адамлардың билимин өзгертиў, олардың санасында демократиялық қәдириятларды, нызамға бойсыныўды беккемлеў, нызамның үстемлигине исеним арттырамыз»[1].

Буннан нызам, ҳуқық мәмлекеттиң ҳуқықый мәдeният арқалы жәмийеттиң ийгиликли ислерин әмелге асырыўды тәмийнлеўге имканият береди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: «Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин

[1] И.А.Каримов. Ўзбекистон Конституцияси-бизучун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳком пойдевордир. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 17 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. //Халқ сўзи.-2009 йил.-6 декабрь.

тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды»[1]-деп айтады. Ҳуқықый мәдению дегенде нени түсинесиз? Юридикалық әдебиятта оған ҳәр түрли түсиник берилген. Ҳуқықый мәдению түсиниги түрли көз-қарастан, соның менен бирге тек пүткил жәмийет ҳәм айрықша социаллық топарларға сай ҳалда емес, ал шахсларға да сай түрде қарап шығады. Ҳуқықый мәдениятқа түрли түсиниклерге, юристлердиң «ҳуқық» ҳәм «мәдению» деген тийкарғы түсиниклери ҳәр түрли мазмун береди.

Ҳуқықый мәдению түсиниги ҳаққында түрли көз-қарасларды көрип шығып ҳәм анализленип, оның мәниси жәмийет, топлаған ҳуқықый қәдириятлардан түрли субъектлердиң ҳуқықый тараўдан пайдаланыўынан ибарат деп жуўмақ шығарыў мүмкин. Бул орында келтирилген «дәреже» сөзи усы сөздиң кең мәнисинде, ол яки бул ҳәдийсениң сыпат ҳәм муғдар өлшемлери диалектикалық бирлигин түсиндиретуғын философиялық категория деп түсинилиўи керек[2]. Әне усы дәреже шегарасында изертленип атырған объекттиң муғдар көрсеткишлери раўажланыў дәрежеси есабына өзгериўи мүмкин` бунда оның сыпаты өзгермейди. Сыпат өз ҳалында тек басқа көриниске ийе болыўы мүмкин, усының менен бирге өзиниң әҳмийетли қәсийетлерин сақлап қалады.

Ҳуқықый мәденияттың ҳуқықый қәдириятларын өзлестириў ҳәм олардан пайдаланыў дәрежесинен ибарат болған әҳмийетли тәрепи басқаларынан айрықша көрсетилмейди. Дәслеп ҳуқықый мәдению, ҳуқықый қәдириятларсыз болыўы мүмкин емес. Социаллық

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.
[2] Турдибоева Р.Э.Ҳуқуқий маданият назарияси. Ҳуқуқ-Право-Law. 2001. N1. 91б.

мүнәсебетлерди тәртипке салыўдың оғада әҳмийетли қуралы болған ҳуқықтың өзи де ҳуқықый қәдириятлар қатарына киреди. Соның менен бирге ҳуқықый қәдириятлар ҳуқықый билимлер системасы ҳуқықый нызам қағыйдалары болып табылады. Ҳуқықый қәдириятларда алдыңғы тәжирийбе жәмленген болып, оны өзлестирип алыў туўры қарарлар қабыл етиў, өз ҳуқық ҳәм ўазыйпаларын пуқаралар, жәмийет, мәмлекеттиң нызамлы мәплери менен муўапықластырылған ҳалда ҳәрекет етиў имканиятын береди.

Ҳуқықый мәденияттың мәнисин ҳуқықый қәдириятларды өзлестириў ҳәм олардан пайдаланыў дәрежеси деп түсиниў оны ҳуқықый сана ҳәм минез қулықтың анық дәрежеде раўажланыўы менен байланыстырады. Ҳуқықый мәдениятты раўажландырыў бул тараўда актив минез-қулықты тәмийнлеўди талап етеди. Нызамға қарсы ҳәрекетти, нызамға қарсы хызметти ҳуқықый мәдeният қатарына киритиў тийкарсыз. Бул ҳуқықый мәдeният ҳуқықый талаплар жыйнағын өз ишине алады, зәрүр тәртип үлгилери ҳәм идеалларын, ҳуқықый нызамның абыройын, нызамға бойсыныўды ҳәм оны ҳүрмет етиўди өзинде сақлайды ҳәм байытады деген пикирге қарама-қарсы.

Ҳуқықый билимлер, исеним, қәдириятлар ҳәм оларды әмелге асырыўдағы әмелий истиң бирлиги, улыўма қағыйдаға айланған тәртип шегарасы үзиликсиз түрде қайталанып турыўын тәмийнлеўде ҳуқықый мәдeният ҳәрекет етеди.

Ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў жаңаша ҳуқықый билимниң қарар табыўына, ескирген юридикалық идеялар ҳәм үлгилерди жоқ қылыўға, халықтың санасын ҳуқықый қәдириятларға қаратыўға, алдыңғы юридикалық пикирдиң раўажланыўына, нызамшылық ҳәм ҳуқық-тәртипти қорғаўда жәмийет турмысының барлық тараўларын инсан көз-қарасынан баҳалаўдың жоқарылығы принципи тәмийнлеўге жәрдем береди.

## 1.2. Ҳуқықый мәдeният - турмыстың бир бөлеги.

Турмыс тәризиниң ажыралмас тәрепи болған нызамға бойсыныў шаратянда ғана пуқаралардың ҳуқық, еркинликлери ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыў мүмкин. Ҳәзирги ўақытта турмыс тәризиниң ҳуқықый тийкарын бағдарлаў үлкен әҳмийетке ийе. Турмыс тәризи - тарийхтан анық социаллық қатнасықлар ушын типикалық болған турмыс ҳәм хызмет формалары системасы болып, олар үзиликсиз турмыс шараятларына байланыслы ҳалда жүзеге келеди ҳәм адамлардың минез-қулқы, қарым-қатнасы ҳәм пикирлеў дәрежеси арқалы көринеди. Турмыс тәризи, хызмет, минез-қулық пенен байланыслы категория болғаны ушын, социаллық-психологиялық ўазыйпаны орынлайды. Бул турмыс тәризи бир тәрептен инсан минез-қулқындағы улыўма ҳәм ықтыярсыз түс алған тәреплердиң көриниси болып жүзеге шығады, екинши тәрептен болса-инсанның турмыс кешириў усылларындағы индивидуал тәкирарланбас нәрсени сәўлелендиреди. Анализленип атырған категорияның мәдений тәрепин де итибарсыз қалдырып болмайды` турмыс тәризи жәмийеттиң руўхый раўажланғанын да өз ишине алады. Бул раўажланыў материаллық тәреплери сыяқлы, адамлардың турмыс ҳәм хызметин ҳәм индивид минез-қулқының ишки себеплерин индивид турмыс тәризиниң қәсийетлерин жүзеге шығарады. Турмыс тәризиниң мәденийлесиўи төмендеги бағдарларды өз ишине қамтыйды

- адамлар санасы ҳәм мәдениятының, турмыс, минез-қулық мәденияты, нормал тәмийнлениў мәдениятының өсиўи;

- үлгили социаллық тәртип, халыққа жоқары сапалы хызмет көрсетиў;

- бос ўақыттан тәртип-эстетикалық жақтан толық пайдаланыў. Әне усылардың ҳәммеси жыйналып мәденийлесиў деп аталады.

Турмыс тәризи төмендеги жүдә әҳмийетли қәсийетлери менен ажыралып турады

биринщиден, пуқаралар ҳуқық ҳәм еркинликлериниң кеңейиўи;

екинщиден, жеке мәплердиң жоқары дәрежеде раўажланыўы;

үшиншиден, талаплар дәрежеси ҳәм характериниң оларды қанаатландырыў дәрежеси ҳәм характерине сай болыўы;

төртиншиден, жәмийет ағзаларының социаллық искерлиги, бул хызметтен пайдаланыў мүмкин екенлиги ҳ.т.б.

Турмыс тәризиниң шегаралық моделин, солардан ҳуқықый моделди шахссыз әмелге асырып болмайды, оны турмыста реал тулғаландырып болмайды. Себеби юридикалық көз-қарастан қарағанда турмыс тәризи социаллық ҳәм индивидуал минез-қулықтың ҳуқықта беккемлеп қойылған анық типи болып табылады. Турмыс тәризиниң ҳуқықый тийкарларын көрип шығыў әҳмийетли категория, турмыс тәризиниң әҳмийетли тәрепи, оның раўажланыўға жәрдем беретуғын себеп есапланыўы ҳуқықый мәдениятты шахсқа түсиник бериўдиң әҳмийетли тәреплеринен бири.

Демократияны және де кеңейтиў ўазыйпалары мүнәсибети менен шахс ҳәм ҳуқықый мәденияты проблемасы әҳмийетли болмақта. Шахстың ҳуқықый мәдениятын раўажландырыў мийнеткешлер демократияның әмел қылыныў процессинде актив ҳәм нәтийжелилик пенен қатнасыўлары ушын зәрүр. Демократия тийкарында шахстың өз ҳуқықлары, еркинликлери, ўазыйпаларын толық әмелге асырыўы, оның жәмийет алдындағы жууапкершилигин асырыў жатады.

Ҳуқық адамлардың қатнасықларын минез-қулықтың объектив зәрүр үлгилерин беккемлеп қоятуғын ҳуқық, еркинлик ҳәм ўазыйпа категориялары арқалы үзиликсиз тәртипке салады, бул категориялар арқалы индивид өз ҳәрекетлери ҳәм басқа адамлардың ҳәрекетлерин муўапықластырады ҳәм баҳалайды.

Шахстың ҳуқықый мәденияты бир пүтин ҳәдийсе болып, индивидтиң нызамға, ҳуқықый мүнәсибетлерге, ҳуқық ҳәм ўазыйпаларға, нызамлылыққа, ҳуқық тәртипке мүнәсибетин көрсетеди. Бул мүнәсебеттиң мазмуны шахстың ҳуқық тараўындағы минез-қулқын белгилейди. Ҳуқықый мәденияттың ең әҳмийетли объекти шахстың пуқаралар ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм ўазыйпаларына мүнәсебети болып, бул нәрсе ҳуқықый

мәденияттың шахс пенен, минез-қулқы менен байланыслы тәрепин ашып береди[1].

Шахстың турмысы ҳәм хызметине ең «жақын турыўшы» бул ҳуқықый категориялар ҳуқықый ўақыялылықты барлық бөлеклерине көз-қарас, баҳа, жол-жобаларды қәлиплестириўге жәрдем береди. Ҳуқықлар ҳәм ўазыйпаларға мүнәсебет өзегин қурайтуғын шахстың ҳуқықый мәденияты шахсқа ҳуқықый себеплердиң пүткил системасында жол көрсетеди.

Шахстың ҳуқықый мәдениятына ийе болыўы ол ҳуқықлардың тәбиятына, қәсийетлерине, олар қатарында субъекттиң ҳуқықта беккемлеп қойылған, ҳуқық тәрепинен кепилликке алынатуғын ҳәм қорғалатуғын ҳуқықлары, еркинликлери, ўазыйпаларына муўапық хызмет көрсетиўди аңлатады. Шахстың түрли объектив ҳәм субъектив себеплер тәсиринде өз ҳуқықын танып барыўы қарама-қарсылықлы, бир тегис емес, ҳәм унамлы ҳәм унамсыз көз-қарасларға, исенимлерге, баҳаға ийе болады.

Шахстың ҳуқықый мәденияты ҳуқық тараўындағы ҳәмме қабыл еткен социаллық қәдириятлар көз-қарасынан унамлы көз-қараслар, баҳалар, себеплер, қағыйдалар бар. Олар ҳуқық ҳәм ўазыйпаларды әмелге асырыў менен байланыслы болған нызамлы ҳәм социаллық актив минез-қулыққа тийкар болады. Шахстың ҳуқықый мәденияты ҳуқықты таныўы анық мақсетли тәрбиялаў нәтийжеси, оның жоқары басқышы.

Ҳуқықлар, еркинликлер ҳәм ўазыйпаларға шахс ҳуқықый мәденияттың оғада әҳмийетли бөлеги деп қараў ҳаққында айтылар екен, соны қайталаў керек, ҳуқық ҳәм еркинликлер ҳәмме ўақыт жәмәәт мәдениятының жоқары қәдириятларынан бири[2].

Шахстың ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириў ушын ҳуқық ҳәм еркинликлердиң мәмлекет тәрепинен түсиндирилиўи, конституцияда беккемленип қойылыўы ҳәм арнаўлы мәмлекет усыллары менен қорғалыўы жүдә үлкен роль ойнайды. 1992-жылғы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан

---

[1] Ҳуқуқни тушунишнинг айрим муаммолари //Фалсафа ва ҳуқуқ.-Т.:2006. – N2. 76б. .
[2] Уразаев Ш.З. Перестройка и правовая культура. Ташкент, 1999, 29-бет

Республикалары Констиуциясында ҳуқық ҳәм еркинликлердиң кең системасы жәрияланғанлығы ҳәм беккемленгенлигиниң өзинде-ақ жәмийетте жоқары ҳуқықый мәденияттан дерек береди. «Пуқараларға жәмийетимиз социаллық турмысында белсенди қатнасыўы қоллап-қуўатланған жағдайда ғана мәмлекетимизди жаңалаў ҳәм раўажландырыўға ерисе аламыз.

Ҳәр бир адам өз мәмлекетиниң пуқарасы екенлигин сезиниўи, оның өзине берип қойылған ҳуқық ҳәм еркинликлерине саналы мүнәсибетте болыўы ҳәм қәдирлеўи, машақатлы мийнет пенен қолға киритилген демократиялық қәдириятларды асырап абайлаўы ҳәм қорғаўы оғада әҳмийетли[1].

Шахс еркинлиги оның ҳуқықта беккемлеп қойылған минез-қулқы үлгилериниң объектив әҳмийетин түсиниўге ҳәм барлық объектив ҳәм субъектив себеплерди есапқа алған ҳалда қарарлар қабыл етиў мүмкинлигине тийкарланады. Ҳуқық, еркинлик ҳәм ўазыйпаларды жүзеге шығарыў ҳәмме ўақыт қарар қабыл етиў ҳәм ишки исеним ҳәм мәплерге ғана емес, ал жәмийеттиң мәплери ҳәм талапларына да жуўап беретуғын минез-қулықты таңлап алыў менен байланыслы. Туўры қарар шахстың жоқары ҳуқықый мәдениятынан ажыралмас болып табылады. Жоқары дәрежедеги ҳуқықый мәдeният ҳуқық, еркинликлер ҳәм мәжбүриятлар тийисли барыста әмелге асырылыўының анық шәрти болып хызмет етеди.

Шахстың ҳуқық, еркинлиги ҳәм мәжбүриятлары мәселеси менен оның жәмийет алдындағы жуўапкершилиги мәселеси беккем байланысқан. Жуўапкершилик проблемасы ҳуқықый әдебиятта, нызам бағдары бойынша, юридикалық жуўапкершиликтен, санкция қоллаў имканиятларынан, анық жағдайларда жазаны өтеў зәрүрлигинен ибарат етип қойылады. Шахстың ҳуқықый мәдeнияты жуўапкершиликти кең социаллық мәниде аңлаўды,

[1] Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т.10. –Т.: Ўзбекистон, 2005.

оған пуқаралық, тәртип, юридикалық жуўапкершиликти киритиўди талап етеди.

Шахстың ўазыйпалары ҳәм жуўапкершилиги оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин әмелге асырыўдың шәрти болып есапланады. Олар тек еркиин пуқараға ғана байланыслы болыўы мүмкин, олар ҳуқық ҳәм еркинликлер категорияларынан, шахстың ерикли күшинен тысқарыда мәниссиз ҳәм мүмкин болмаған нәрсе болып табылады.

Шахстың ҳуқықый мәденияты еки тийкарғы ўазыйпаны орынлайды` биринширен, ҳуқықый ўақыялылықты сәўлелендириў ҳәм екиншиден, шахстың ҳуқық, еркинликлер, ўазыйпалар тараўындағы, олар арқалы пүткил ҳуқық тараўындағы минез-қулықты тәртипке салыў. Шахстың ҳуқықый мәдениятының биринши функционал тәрепи бир неше өз-ара байланыслы тәреплерин ҳуқықый турмыс ҳәдийселерин, усы себептен шахс ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм мәжбүриятларын билиўди` оларды аңлаў ҳәм баҳалаўды аңлатады.

Шахс ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириўдиң дәслепки басқышы улыўма ҳуқық ҳаққындағы ҳуқық субъектлериниң конкрет ҳуқықлары ҳәм ўазыйпалары ҳаққындағы юридикалық билимлерди топлаўдан ибарат. Ҳуқықый мәдениятын раўажландырыўдың нәўбеттеги басқышы шахстың ҳуқықый ўақыялылықты, өз ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм ўазыйпаларын атқарыўдан ибарат.

Егер жәмийеттиң ҳуқықый мәдениятын жәмийет ағзаларының конституцияда беккемлеп қойылған ҳәм кепилликке алынған ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм ўазыйпалары менен нызамлылықтың ҳалаты менен де белгиленсе, шахстың ҳуқықый мәдениятын биринши нәўбетте шахс социаллық хызметинде өзиниң ҳуқық ҳәм ўазыйпаларын қалай жүзеге шығаратуғынын көрсетеди[1].

Ҳуқық ҳәм еркинликлер ҳәм ўазыйпаларды әмелге асырыўдың өзи әсиресе, оларды әмелге асырыўдағы белсендилик дәрежеси оларды шахс

[1] Р.Маҳмудов. Ҳуқуқ ва маданият. Тошкент, 2002, 32-бет.

конституция тәрепинен берилген, анық кепилликлер системасы менен тәмийнленетуғын тийкарлар сыпатындағы түсинигине ҳәм ҳуқықый байлықлар деп баҳалаўына байланыслы болады.

Ҳуқықый идеология тараўындағы қәдириятларды гөзлеп ис тутыў шахстың ҳуқық тараўындағы минез-қулқына актив тәсир көрсетеди[1].

Ҳуқықый мәдениятты сәўлелендириў ҳәм бағдарлаўдан ибарат ўазыйпалар өз-ара байланыслы болып, жоқары дәрежели, тийкарды ҳуқық, еркинликлерге, ўазыйпаларға унамлы мүнәсебетти қурайтуғын ҳуқықый сананы қәлиплестириўге жәрдем береди. Бул реал әмелиятта олардың жүзеге шығыўын тәмийнлейди.

Соның менен бирге шахстың өз ҳуқық, еркинлик ҳәм ўазыйпаларын ҳәм жуўапкершилигин аңлап жетиўдиң өзи еле жәмийеттиң ҳуқықый турмысына мүнәсебетин қәлиплестирмейди. Бул мүнәсебетин қәлиплестирмейди. Бул мүнәсебет көп дәрежеде шахстың талаплары ҳәм мәплери менен белгиленеди` оның ҳуқық, еркинликлер, жуўапкершиликлерин баҳалаўға да байланыслы болады. Себеби баҳалаў шахстың ҳуқықый шегараларды өз мүтәжликлери, себеплери, мәплери, мақсети ҳәм социаллық көрсетпелери менен салыстырыўды талап етеди[2].

Шахс өз мүтәжликлери, мәплери, пикирлерине муўапық яки минез-қулықты ҳуқықта белгилеп бериўдеги үлгиге саналы барыста қәлиплестиреди, нызамлы ишки исенимге ҳәм себеплерге сүйенбейтуғын ҳәрекетлерди әмелге асырады. Усынысларды ҳуқық ҳәм ўазыйпалар формасында көрсетилген үлгили мине-қулықтан парқланатуғын вариантты унамлы баҳалаў нызамлы ҳуқықтан нәтийжели пайдаланыў ҳәм ўазыйпаны орынлаўға тийкар болады. Ҳуқық, еркинлик ҳәм ўазыйпаларды аңлаў шахстың ҳуқыққа, нызамлылыққа ҳәм ҳуқық-тәртипке социаллық мүнәсебетте болыўды тәмийнлейди, нызамлылықтың мәмлекет ҳәм

---

[1] Ш.Жалилов. Кучли давлатдан-кучлижамият сари. Тошкент. «Ўзбекистон» 2001.46б.
[2] Р.Рузиев Демократия тараққиет гарови. Тошкент. Фалсафа ва ҳуқуқ институты, 2007, 26 б.

жәмийет турмысы ҳуқықый тийкарларының беккемлениўине жәрдем береди.

Шахстың ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириў зәрүрлиги ҳәм бунда нызамға бойсыныў, ҳуқықты, нызамды ҳүрмет етиў ҳәр бир адамның жеке исенимине айланыўы жәмийет ағзаларының минез-қулқы терең түсинилген, турмыстың сиясий ҳәм руўхый, ислеп шығарыў ҳәм социаллық тараўларында социаллық ис алып барыўға жәрдем бериўди талап етпекте[1].

Адамлардың социаллық ҳуқықый искерлигин турмыс тәризиниң көринислеринен бири сыпатында шахстың ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириў менен беккем байланысқан. Солай етип, ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириўде, пуқаралар тәртибине қойылатуғын талап нызамларды билиў яки ҳуқық ҳәм ўазыйпаларды орынлаўдан ғана ибарат емес. Мәмлекет ҳуқық тараўларында шахстың социаллық хызметин үзликсиз асырып барыў, нызамлылықтың беккемлениўи, ҳуқық, еркинлик ҳәм ўазыйпалардың, өз пуқаралық миннетлериниң орынланыўы ҳаққында ғамхорлық етиў - булар ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў жолында адамларды ҳуқықый тәрбиялаўдың тийкарғы ўазыйпалары болып табылады. Бул тәрбиялық ис-адамларды ҳуқықый тәрбиялаў тараўындағы көп тәрепли истиң ажыралмас бөлеги болып табылады.

[1] Х.Маматов. Ҳуқуқий маданият ва жамиятнинг шаклланиш муаммолари.Тошкент-2009. -37-б.

## II Бап. Ҳәкимият ўәкилликлерин бөлистириў - ҳуқықый мәденияттың конституциялық принципи.

### 2.1. Өзбекстан Республикасында пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәдениятын жетилистириў мәселелери.

Ҳәр қандай мәмлекеттиң конституциясы мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплерин белгилейди, яғный ол түрли мәмлекет уйымларының ўәкилликлерин өз-ара бөлистиреди. Бул принцип ҳуқықый мәмлекет қурыўды өз алдына мақсет етип қойған Өзбекстан Республикасы Конституциясының 11-статьясында төмендегише беккемленген Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимияттың дизими ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниў принципине тийкарланады[1].

Мәмлекетлик ҳәкимият ўәкилликлери бөлиниў принципи беккемленген бул статья, норма Өзбекстанның конституциялық тарийхында биринши мәртебе пайда болды. Өзбекстанның алдыңғы 1927, 1937, 1978 жыллардағы Конституцияларында бундай принцип жоқ еди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: “Биз ислеп шыққан ҳәм бүгинги күни турмысқа асырылып атырған усы моделдиң мазмун-мәниси - мәмлекет қурылысы ҳәм конституциялық дүзимди түпкиликли өзгертиў ҳәм жаңалаў, экономиканы идеологиядан бөлек қойыў, оның сиясаттан үстинлигин тәмийинлеў, мәмлекеттиң бас реформатор ўазыйпасын орынлаўы, яғный реформалардың инициаторы болыўы ҳәм оларды муўапықластырып барыўы, нызам үстинлигин

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.` “Ўзбекистон”, 2008, 4 б.

тәмийинлеў, күшли социаллық сиясат жүргизиў, реформаларды басқышпа-басқыш ҳәм избе-из алып барыў принциплерине тийкарланатуғын сиясий, экономикалық ҳәм социаллық реформаларды әмелге асырыўдан ибарат».[1]

Мәмлекетимиз басшысының усы баянатында демократиялық өзгерислерди және де тереңлестириўдиң ең әҳмийетли артықмаш ўазыйпалары сыпатында белгилеў зәрүрлигин айтып өтеди. Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыўын демократияластырыў тараўында әмелге асырылған реформалар оғада әҳмийетли мақсетке, яғный ҳәкимиятлардың бөлиниўи конституциялық принципин турмысқа избе-из енгизиў, ҳәкимиятлар тармақларын өз-ара бөлиў ҳәм мәплердиң тең салмақлылығының нәтийжели системасын қәлиплестириў, орайда ҳәм орынларда нызам шығарыўшы ҳәм ўәкиллик ҳәкимиятының ўәкиллерин ҳәм де қадағалаў ўазыйпаларының ролин күшейтиў, суд системасын либералластырыў ҳәм оның ғәрезсизлигин тәмийинлеў бойынша оғада әҳмийетли ис-илажларды көриўге қаратылған еди. Бул процессте орайлық атқарыўшы ҳәкимияттың басқарыў дүзилмелери ҳәм ҳәкимшилик органлардың ўазыйпаларын өзгертиўге, олардың басқарыў, тәртипке салыў ҳәм бөлистириў бойынша ўәкилликлерин, хожалық дүзилмелери жумысына тиккелей араласыўын кескин қысқартыўға үлкен итибар берилди.Усы концепциядан келип шығып 2011-жылы 25-26 март күнлери Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының бесинши жалпы мәжлисинде Өзбекстан Республикасы Конституциясының 78, 80, 93, 96, ҳәм 98-статьяларына өзгери ҳәм қосымшалар киргизилди[2]. Бул киргизилип атырган өзгерис ҳәм қосымшалардың мақсети мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў системасын жәнеде демократияластырыў, мәмлекетлик ҳәкимияттың үш субъекти: мәмлекет баслығы-Президент, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар ортасында ўәкилликлердиң бөлистирилиўин

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

[2] Халқ сўзи. 2011. 28-март

дурыс тәмийнлеў, сондай-ақ социаллық-экономикалық, сиясий реформаларды әмелге асырыўда, мәмлекетти жаңалаў ҳәм модернизация етиўде парламенттиң, сиясий партиялардың роли ҳәмде тәсирин күшейтириў.

Ендигиден былай Өзбекстан Республикасы Бас министриниң кандидатурасы Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң нызамшылық палатасына сайлаўларда ең көп депутатлық орнын алған сиясий партия яки тең муғдардағы депутатлық орынларын қолға киргизген бирнеше сиясий партиялар тәрепинен усыныс етиледи. Өзбекстан Республикасы Президенти усыныс етилген Бас министр лаўазымына кандидатураны көрип шыққаннан кейин 10 күн мүддет ишинде оны Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының көрип шығыўы ҳәм тастыйықлаўы ушын усыныс етеди. Бас министр кандидатурасы оның ушын тийислисинше Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары ҳәм Сенаты ағзалары улыўма санының ярымынан көпшилиги тәрепинен даўыс берилген жағдайда тастыйықланған болып есапланады. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ағзалары Бас министрдиң усынысына муўапық Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тастыйықланады. Өзбекстан Республикасы Бас министри ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ортасында келиспеўшиликлер турақлы түрде орын алған жағдайда Нызамшылық палатасы депутатлары улыўма санының кеминде үштен бир бөлеги тәрепинен Өзбекстан Республикасы Президенти атына рәсмий билдирилген усыныс бойынша Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының қоспа мәжилисиниң додалаўына Бас министр бойынша исенимсизлик вотумын билдириў ҳаққындағы мәселе киргизиледи. Бас министрге болған исенимсизлик вотумы тийислисинше Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары ҳәм Сенаты ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлеги даўыс берген жағдайда қабыл етилген есапланады.

Бундай жағдайда Өзбекстан Республикасы Президенти Өзбекстан Республикасы Бас министрин лаўазымынан азат етиў бойынша қарар қабыл етеди. Бунда Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң пүткил қурамы Бас министр менен бирге отставкаға шығады. Жаңа Бас министр кандидатурасы Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасындағы барлық сиясий партиялар фракциялары менен тийисли мәсләҳәтлесиўлер өткерилгеннен соң Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталарына қарап шығыў ҳәм тастыйықлаўға усыныс етиў ушын усынылады. Олий Мажлис тәрепинен Бас министр лаўазымына кандидатура еки мәрте қайтарылған жағдайда Өзбекстан Республикасы Президенти Бас министр ўазыйпасын атқарыўшыны тайынлайды ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисин тарқатыр жибереди”.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 98-статьясына киргизилген өзгерислердиң мазмун-мәниси соннан ибарат, буларға көре, Бас министр лаўазымына кандидатура көрсетиў ҳәм оны тастыйықлаўдың және де демократиялық принциплерин сәўлелендиретуғын жаңа тәртиби орнатылды. Сондай-ақ Конституцияға киргизилген бул өзгерислерге муўапық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине Бас министрге болған исенимсизлик вотумын билдириў ҳуқықы берилди. Соның менен қатар, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ўәкиллигине тийисли мәселелер бойынша қарарлар қабыл етиў ҳуқықы Өзбекстан Республикасы Президентиниң ўәкилликлери шыгарасынан шығарылды.

Және бир әҳмийетли өзгерис, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 96-статьясына тийисли. Мәмлекет Президенти түрли себеплерге көре өз ўазыйпасын атқара алмайтуғын жағдай жүзеге келген жағдайда түсинбеўшиликке, усы статьяны ҳәр қыйлы бурмалаўға жол қоймаў мақсетинде оның жаңа редакцияда төмендеги мазмунда өзгерис киргизилди. “Мәмлекеттиң әмелдеги Президенти өз ўазыйпаларын атқара алмайтуғын ҳалатларда оның ўазыйпа ҳәм ўәкилликлери ўақтынша

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты баслығының жуўапкершилигине жүкленеди, бунда үш ай мүддет ишинде “ Өзбекстан Республикасы Президентин сайлаў ҳаққында”ғы Нызамға толық муўапық ҳалда мәмлекет Президенти сайлаўы өткериледи”.

## 2.2.Суд-ҳуқық реформалары ҳәм пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәдениятын жетилистириў машқалалары.

Ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында ҳәм ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ Өзбекстанда мәмлекет ҳәм жәмийет турмысын демократик тәрептен және де жаңалаўға ҳәм суд-ҳуқық системасын реформа қылыўға кирисилди. Бунда сөзсиз Президентимиз Ислам Каримовтың тарийхый хызметлери үлкен болды. «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» китабы әне усы реформалардың қандай қыйын бир дәўирде басланғанлығын, олардың қурамалы ҳәм оғада қарсылықлы раўажланыў темплери, дәслепки нәтийжелерди әдалатлы тийкарда көрсетип бериўи менен үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе[1].

Ҳәкимиятлар бөлиниўине байланыслы конституциялық принципти избе-из әмелге асырыў мақсетинде “Судлар ҳаққында”ғы Нызам жаңа редакцияда қабыл етилди, сондай-ақ, бул дәўирде жынаят процессуал, пуқаралық процессуал нызамшылығына тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киритилди. Бул болса, өз нәўбетинде суд системасын орынлаўшы ҳәкимият органлары қадағалаўы ҳәм тәсиринен шығарыў имканын берди. Ҳәзирги ўақытта судьялық лаўазымына талабанларды усыныў, судьялардың ўәкиллигин тоқтатыў ҳәм мүддетинен алдын жуўмақлаў, оларға салыстырғанда интизамлы ис жүритиўди қозғатыў ўазыйпалары Әдиллик министрлиги ўәкиллигинен шығарылғаны да бул бойынша әҳмийетли қәдем болды.

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида» китобини ўрганиш бўйича ўқув-услубий қўлланма. Тошкент-2012. Б-24.

Буннан тысқары, судлар хызметин шөлкемлескенлик жақтан тәмийинлеў, соның ишинде, суд системасы ушын кадрлар мәселелери менен шуғылланыў ўазыйпасы арнаўлы орган - Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқары қәнигелик комиссиясына жүклетилди. Солар қатарында Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигин жанында арнаўлы ўәкилликли дүзилис – Суд қарарларын орынлаў, судлар хызметин материаллық-техникалық ҳәм қаржылай тәмийинлеў департаменти шөлкемлестирилди. Бул болса, судлардың оларға тән болмаған ўазыйпалардан сезилерли дәрежеде аўлақ болыўы ҳәм пүткил дыққат-итибарды өзлериниң тийкарғы ўазыйпасы болған әдил судлаўды әмелге асырыў ушын қаратыў имканын берди.

Биринши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлистиң биринши сессиясында (1995 жыл 23 февраль) И.А.Каримов былай деген еди: «Ҳуқықый мәдeният дәрежеси тек ғана нызамларды билиў, ҳуқықый мағлыўматлардан хабардар болыўдан ибарат емес. Ол нызамларға муўапық ҳәрекет етиў ҳәм оларға бойсыныў мәдениятын болады. Ол-әдил судты ҳүрмет етиў, өзиниң ҳақ-ҳуқықларын қорғаў ушын судқа мүрәәжет етиў ықтияжы»[1]. Соның менен бирге суд уйымлары хызметиниң ҳуқықый тийкарларын барлық ўақытта жетилистирип барыў зәрүр. Бунда суд ҳәм судялардың ҳәкимиятты басқа барлық тармақлардан ҳақықый ғәрезсизлигин, суд қарарларын қабыл етиўде тек нызамға бойсыныўда тәмийнлеў лазым. Усы ҳуқықый тийкар, өз нәўбетинде, демократизимди, төрешилик, судтың барлық ўақытта бөлиниўи,судтың қорғаў көлемин кеңейўин тәмийнлеў зәрүр.

Улыўма юрисдикция судлары қәнигелестирилип, пуқаралық ҳәм жынаят ислери бойынша судлар шөлкемлестирилди. Бул өз нәўбетинде олардың жынаят ҳәм пуқаралық ислерин қәнигели тийкарда көрип шығыў,

[1] Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.3. –Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.-Б.22.

инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық ҳәм ҳәртәреплеме қорғаў бойынша хызмет нәтийжелилигин асырыўға хызмет етпекте.

Президентимиз суд - ҳуқық системасын реформаластырыў ҳәм жәнеде либералластырыў тараўында судлардың шын ғәрезсизлигин ҳәм еркинлигин тәмийнлеў менен байланыслы болған ўазыйпаларды еки топарға ажыратып көрсетип берди,

1) өткен жыллар даўамында әмелге асырылған ислер талықлаўы.
2) еле шешимин күтип турған машқалалар.

Суд-ҳуқық реформалары мәмлекетте әмелге асырылып атырған жаңаланыўлардың қурамлы бөлеги болып, суд системасын шөлкемлестириў, оны кадрлар менен ҳәм финанслық жақтан тәмийнлеў, судлар ҳәм судьялардың ғәрезсизлиги кепилликлерин күшейтириўге бағдарлантырылған. Суд - реформалары, биринши нәўбетте, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд тәртибинде қорғаў көлемин кеңейтириў, суд ислерин жүргизиўдиң процессуал тәртибин жетилистириў, жынайый жазаларды либералластырыў, әдил судлаў қорғаўынан пайдаланыў имканиятларын кеңейтириўди ҳәмде Өзбекстан Республикасы нызамларын жәҳән стандартларына, халықаралық ҳуқықтың улыўма белгиленген нормалары ҳәм принциплерине сәйкеслестириўди нәзерде тутты.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды.

Ҳәкимиятлар бөлиниўине байланыслы конституциялық принципти избе-из әмелге асырыў мақсетинде “Судлар ҳаққында”ғы Нызам жаңа редакцияда қабыл етилди, сондай-ақ, бул дәўирде жынаят процессуал, пуқаралық процессуал нызамшылығына тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киритилди. Бул болса, өз нәўбетинде суд системасын орынлаўшы ҳәкимият органлары қадағалаўы ҳәм тәсиринен шығарыў имканын бергенин айрықша атап өтиў тийис. Сдлар хызметин шөлкемлескенлик жақтан тәмийинлеў, соның ишинде, суд системасы ушын кадрлар мәселелери менен шуғылланыў ўазыйпасы арнаўлы орган - Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныў бойынша жоқары қәнигелик комиссиясына жүклетилди.

Х.Т.Одилқориев суд ҳәкимияты-мәмлекетлик ҳәкимияттың айрықша тармағы болса, әдил судлаў-мәмлекет хызметиниң зәрүр бағдарларынан бири, пуқараларды суд жәрдеминде қорғаў, оларды социаллық қорғаўдың жоқары конституциялық формасы, деп есаплайды[1]. Өз орнында әдил судлаўды әмелге асырыў судьялардан арнаўлы билим ҳәм тәжрийбеден тысқары жоқары ҳуқықый мәдениятты ҳәм жуўапкершиликлти талап етеди. Судтың кишкене болсада, ҳәр қандай ыәтеси пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлигине зыян жеткизеди. Әдил судлаў-мәмлекеттиң пуқаралар ҳуқық ҳәм еркинликлерин, нызамлы мәплерин, жәмийет сиясий ҳәм экономикалық тийкарларын қорғаўға бағдарланған ҳуқықый сиясатының негизи.

Жоқарыдағыларға тийкарланып соны айтыў мүмкин, суд-ҳуқық реформалары халықтың ҳуқықый мәдениятын жетилистириўге үлкен тәсир көрсетеди. Демек, биз суд мәдениятын көтериўимиз, ҳәр бир суд процессин пуқараларымыздың ҳақ-ҳуқықларын қорғаўға қаратылған болыўына ерисиўимиз керек. Бизиң пикиримизше судьяның кәсиплик ҳуқықый мәдениятын, әдил судлаўдың ҳуқықый мәденияты дәрежесин төмендегише анықлаў мүмкин:

[1] Одилқориев Х.Т. Суд ҳокимияти ва касбий ҳуқуқий маданият/ Суд-ҳуқуқ ислоҳотлари:ҳозирги ҳолати ва такомиллаштириш истиқболлари. -Тошкент:ТДЮИ, 2007. –Б.212-213

1.нызамлылықты жетилиситириў ҳәм оны ыәнигели түрде қоллаў;

2.суд ҳүжжетлерин саўатлы ҳәм пухта дүзиў, суд хызмети үстинен ишки ҳәм сыртқы жәмәәт қадағалаўының орнатылыўы;

3.судлар хызметин халықаралық ҳуқық стандартларына сәйкеслестириў;

4.суд кадрларды таярлаў, олардың билим дәрежеси, тәжрийбеси, мәдениятын терең өзлестиргенлиги ҳ.т.б.

Судьялардың ҳуқықый мәденияты соның менен белгилениўи мүмкин, яғный жоқары юридикалық мағлыўматына ҳәм тәжрийбесине ийе екенлиги; әдил судлаў принциплерин пухта өзлестиргенлиги; жоқары кәсиплик маманы болыўы; әдил ҳәм объективлик; адамгершиликли ҳәм ҳадаллық.

# III Бап. Өзбекстанда ҳуқықый мадениятты жетилистириў мәмлекетлик сиясатынын әҳмийетли бағдары

## 3.1. Жамийетте ҳуқықый маденияттты жетилистириу миллий багдарламасын ислеп шыгыў.

Пукаралык жамийети тарийхый рауажланыўдын, адамзат тарийхы-мадений-руухый рауажланыўынын жокары жетилискен дарежеси есапланады. Бул жамийет социаллык катнасыклардың әдил ҳуқықый тартипке салыныўы, улыўма инсаныйлык демократиялық қәдириятлар ҳәм институтлар орнатылыўы, әдил нызамлар системасынын қәлиплесиўи, мәмлекет ҳәм барлық сиясий инстуттлар халык хэм пукаралар маплери ушын хизмет ететугын, пукаралары камилликке, жокары руухый сыпатламаларга ерискени менен тарийпленеди.

Озбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов усы маселелерге токтап өтер екен, тийкарынан төмендегилерди айтып атап өтеди: «Бизлер пукаралык жамийетти курыўға ҳәрекет етип атырмыз. Демек бул, мәмлекетшилигимиз раўажланган сайын баскарыўдың түрли ўазыйпаларын тиккелей халыққа тапсырыў, яғный өзин-өзи басқарыў уйымларын жәнеде раўажландырыў деген сөз». Дурысында да, мәмлекетшилик демократиялық турде раўажланып, барган сайын жамийетке жакынласып, онын халыкшыллык табияты, ягный халыкка хызмет етиу касийети хакимияттын мазмун белгисине айланып барады.

Жокары ҳуқықый мәденият-ҳуқықый мәмлекеттиң шәртли белгиси. Бул әҳмийетли теориялық-методологиялық ҳәм үлкен әмелий әҳмийетке ийе болған қағыйда өзбек жамийети тәрепинен өз уақтында терең аңлап жетилди. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов республикалык ҳуқық қорғаў уйымлары басшылары, ҳуқықтаныўшы алымлар, ғалаба хабар ўәкиллери менен арнаўлы ушырасыў өткерип (1997-жыл, 20-май), халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыў мәселесин катаң түрде кун тәртибине койды. Бул әлбетте, тосыннан емес, себеби мине

усы халыктың ҳуқықый санасы хэм ҳуқықый мадениятын жетилистириў арқалы халықты демократиялық жаналаныўлар ҳәм реформалардың белсенди катнасыўшысына айландырыў мүмкин. Ушырасыўда мәмлекетимиз басшысы төмендегилерди айрыкша атап отти: «Өзбекстан… өзине тән ҳәм ылайық раўажланыў жолын таңлап алды. Бул жолдың мәниси базар қатнасыкларына тийкарланған еркин пукаралық жәмийетин курыў, халқымызға мүнәсип турмыс шараятын жаратып бериўден ибарат». Буған ерисиў ушын, ең дәслеп, жәмийеттиң сиясий белсендилигин асырыў талап етиледи, екиншиден, «халыққа терең ҳуқықый билим бериўди жолға койыу, сол арқалы ҳуқықый мәденияттын асырыўға ерисиў, … бир сөз бенен айтқанда, ҳуқықый сананы қәлиплестириў талап етиледи. Бул жамийеттиң дурыс, демократиялық жолдан раўажланыўы ушын зәрүр».

Ҳақыйқатында да, ғәрезсизлик жылларында халқымыздың ҳуқықый мәдениятын жетилистириў мәмлекетлик сиясаты дәрежесине көтерилди. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1997-жылы 25-июндағы “Ҳуқықый тәрбияны жақсылаў, халықтың ҳуқықый мәденияты дәрежесин жетилистириў, ҳуқықтаныўшы кадрларды таярлаў системасын, жәмәәтшилик пикирин үйрениў жумысын жақсылаў ҳаққында”ғы Пәрманы[1], Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң 1997-жылы 29-августындағы “Жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў миллий бағдарламасы” қабылланғанлығы буның айқын дәлийли. Соның менен бирге, жоқарыдағы ҳүжжетлер өткен ўақыт даўамында халықтың ҳуқықый мәдениятын жетилистириўде нәтийже бергенлигин анализ етиў ҳуқықтаныў пәниниң жәнe бир әҳмийетли ўазыйпа.

Мәмлекетимизде орнатылып атырған демократиялық пуқаралық жәмийетиниң қәсийетлеринен бири – оның қурамлық институтларынан болған – мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң, жәмәәт

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1997 йил 25 июндаги «Ҳуқуқий тарбияни яхшилаш, аҳолининг ҳуқуқий маданияти даражасини юксалтириш, ҳуқуқшунос кадрлар тайёрлаш тизимини такомиллаштириш, жамратчилик фикрини ўрганиш ишини яхшилаш ҳақида»ги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1997.-№7. -179-модда.

бирлеспелериниң тез пәтте пайда болып атырғанлығында. Сол тәрептен алғанда, мәмлекетимизде жумыс ислеп атырған бул дүзилмелердиң пуқаралық жәмийет институтлары сыпатында пайда болыўы ҳәм беккемлениў қәсийетлерин изертлеў әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып есапланады. Әсиресе, олардың мәмлекетлик органлар менен мүнәсибети, пуқаралардың мәплерин сәўлелендириў, олардың ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы қатнасы нәтийжесин анықлаў сыяқлы мәселелерди ҳуқықый-теориялық тәрептен үйрениў жүдә әҳмийетке ийе.

Пуқаралық жәмийет институтлары беккем ҳуқықый тийкар, яғный демократиялық нызамлар тийкарында турақлы ҳуқықый орталықта жумыс алып барады. Олар өзиниң ҳуқықый статусын толық түсиниўи, нызам менен өзлерине берилген ҳуқық ҳәм имканиятлардан пайдаланыў дәрежеси, қалаберсе, мәмлекетлик органлар менен алып барылатуғын ҳәр қыйлы байланысларда көринетуғын ҳуқықый мәденияттың мазмуны, тәбияты, механизми да еле юридикалық әдебиятта илимий жақтан жетерли дәрежеде үйренилмеген тема есапланады. Бул мәселелерди пуқта анализлеў олардың әҳмийетине жетип барыў пуқаралық жәмийетти қурыўдай әҳмийетли ўазыйпаны табыслы шешиўге жәрдем береди.

Жәмийеттиң ҳуқықый мәденияты, дәслеп, халықтың ҳуқықый санасы, мәдений дәрежеси менен байланыслы. Бунда шахс ҳуқықлары ҳәм еркинликлери, ҳуқықый мәмлекет, пуқаралық жәмийети, Конституция ҳәм нызам үстинлиги, сиясий ҳәм идеологиялық плюрализм, халық суверентти ҳәм дүньялық конституциялизм сыяқлы қәдириятлар социаллық ҳуқықый санадағы заманагөй ҳуқықый қәдириятлардан есапланады. Айтып өтиў керек, бул қәдириятлар әллеқашшан бизлердиң конституциялық нызамшылыққа кирди. Бул қәдириятлар бүгинги күнде Өзбекстанның суверен ҳәм ҳуқықый мәмлекет сыпатында раўажланыўын белгилеп бермекте.

Ҳуқықый мәденияттың жоқәры болыўы Өзбекстанда демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң жүзеге келиўинде, пуқаралық жәмийет қурыў

жолындағы барлық өзгертириўлерди юридикалық жақтан тәмийинлениўине хызмет қылады.

### 3.2. Жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў миллий бағдарламасынын дузилиси хам тийкаргы мазмуны

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов шахстың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын қәлиплестириў мәселесин айтып өтип “қабылланған нызамлардың саны емес, бул нызамлардың пуқаралар тәрепинен қаншелли дәрежеде өзлестириўи, әмелиятта қолланыўы, өзлери орынлаўы ҳәм басқалардан да нызамларға әмел етиўи талап қылыўында көринеди” деп қайталайды.

Шахстың ҳуқықый дүньяға көз-қарасы, конституциялық ҳуқықый санасы ҳәм мәденияты қанша жоқары болса, ол кирисетуғын ҳуқықый мүнәсибетлеринде нызам қағыйдалардан, ҳуқықый нормалардан пайдаланыўы да сонша қолай болады.

Бул ҳаққында Президентимиз туўры қайталағанындай, “Ҳуқықый мәдениаттың жоқары дәрежеде болыўы ҳуқықый мәмлекеттиң өзине сай қәсийети есапланады. Базар экономикасын қәлиплестириў жағдайында ҳуқықый мәдениятты асырыў әҳмийетли жумыс болып табылады. Соның менен бирге, ҳуқықый мәдениат дәрежеси қабыл қылынған. Нызамлар саны менен емес, бәлким бул нызамның барлық дәрежеде орынланыўы менен белгиленеди. Усы әҳмийетли жумыста адамларда нызамларға ҳәм ҳуқықый-норматив ҳүжжетлерге шуқыр ҳүрметти оятыў айрықша әҳмийетке ийе. Ҳуқықый нормалар адамлар санасына сиңген ҳәм олар арқалы орынланғанда ғана жасайды ҳәм әмелге асады[1]”.

Жәмийетте адамлар қаншелли жоқары мәдениятлы болса, ҳуқықый нормаларды билсе, нызамларды юридикалық әдебиятларды оқып оларға әмел қылса, ҳуқықбузарлық та соншелли кем болатуғын еди. Соның ушын

2. Каримов И.А. Биз танлаган йўл — демократик тараққиёт ва маъри-фий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2003.

Өзбекстан Республикасында халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыўға үлкен итибар қаратылмақта, жәмийеттиң ҳуқықый санасын ҳәм мәдениятын раўажландырыў кең көлемли турақлы системаны жаратыў болып табылады.

Бул мақсетлерге тийкарғы ўазыйпалар төмендегилерден ибарат:

- ҳуқықый билимлендириў ҳәм ҳуқықый тәрбия системасын жетилистириў;

- барлық мәмлекетлик органлардың, лаўазымлы шахслардың ҳәм пуқаралардың нызамға ҳәмде ҳуқыққа ҳүрмет пенен мүнәсибетте болыўына ерисиў;

- халықтың ҳуқықый саўатлылығын асырыў;

- пуқаралардың социал-ҳуқықый активлигин тәмийинлеў;

Ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў ҳәм жетилистириў тараўындағы мәмлекетлик сиясаты инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң үстинлиги; Конституция ҳәм нызамның үстинлиги; демократияға тийкарланғанлығы; социаллық әдиллик; илимийлик; үзликсизлик; ҳуқықый тәрбиядағы мийрасхорлық ҳәмде улыўмалық; ҳуқықый информацияның ҳәмме ушын ашықлығы; ҳуқықый тәрбия ҳәм ҳуқықый қатламластырылған бирлиги ҳәмде оларға жандасыў принциплерине тийкарланыўы белгиленген.

Сондай-ақ, жоқары ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў бойынша мәмлекет сиясатының әҳмийетли жөнелислери төмендегиленден:

- пуқара, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өз-ара мүнәсибетлеринде халықтың өзин-өзи басқарыў органлары, жәмәәт бирлеспелери, ҒХҚның ролин күшейттириў;

- халықты ҳуқықый информация менен тәмийинлеў, илимий-ғалабалық юридикалық әдебиятлардың баспадан шығыўын ҳәм тарқатылыўын мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў;

- юридикалық билимлендириў, кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаўдың заманагөй системасын раўажландырыў;

- ҳуқықый мәденияттың илимий тийкарларын изертлеўди раўажландырыў, социал-ҳуқықый шөлкемлестириў;

- миллий дәстүрлер ҳәмде жәҳән тәжирийбесинен пайдаланыў тийкарында халықтың ҳуқықый санасы ҳәм ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириўден ибарат.

Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы ҳуқықый билимлердиң турақлы дәрежесин өзлестирип алыўы ушын зәрүр болған шараятлар жаратыўы ҳәм түрли социаллық топарлардың өзине сай қәсийетлерин есапқа алған ҳалда ҳуқықый билимлендириўди қатламластырылыўы мақсетке муўапық болады. Соның менен бирге бағдарламада пуқара, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өз-ара мүнәсибетлеринде халықтың ҳуқықый мәдениятын ҳәм социаллық ҳәрекетшеңлигин жетилистириў тийкарғы орынлы ийелейди.

Халықтың ҳуқықый тәрбиясы ҳәм билимин раўажландырыўға билим ҳәм тәрбияның еле пайдаланылмаған механизмлерин жаратыў, олардан нәтийжели пайдаланыў, тәрбия ҳәм билимниң жаңа ҳәм қуралларын енгизиў, материаллық-техникалық негизин күшейттириў жолы менен ерисиледи.

Бул мақсетлерге ерисиў ушын:

- мәмлекет ҳуқықый тәрбия ҳәм билимлендириўдиң тийкарғы шөлкемлестириўшиси сыпатында билимлендириў ҳәм тәрбияның усылларын ҳәм қуралларын, бул жумыс пенен шуғылланып атырған мәкемелер дүзилисин турақлы түрде раўажландырып барыў, ҳуқықый тәрбия ҳәм ҳуқықый билимлендириўдиң алтернатив системаларын қәлиплестириў;

- халық ҳуқықый мәдениятын асырыўда мәмлекет дүзилислерин ҳәм жәмәәт бирлеспелериниң кең шериклигин тәмийинлеў, бул жумысты муўапықластырыў, кешиктирип болмайтуғын ҳәм келешектеги ўазыйпаларды анықлаў;

- ҳуқықый тәрбия ҳәм билимлендириўдиң билимлендириў тәрбия мәкемелери тәрепинен ғана емес, ҳуқықты қорғаў органлар, мәмлекет уйымларының ҳәм кәрханалардың (мәкеме, шөлкемлердиң), сондай-ақ,

жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының юридикалық хызметлери қатнасында да әмелге асырыў;

- сабақлықлар, оқыў қолланбаларын ҳәм басқа әдебиятлар таярлаў ҳәм баспадан шығарыўды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўды күшейттириў;

- халықтың басқа қатламларының ҳуқықый тәрбиясы ҳәм ҳуқықый билимлендириў системасын раўажландырыў арқалы ерисиўи лазымлығы ҳаққында тоқтап өтилген.

Мәмлекет органлары хызметкерлери, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралардың ҳуқықый саўатлылығын асырыўға итибар қаратылған. Себеби нызам ҳүжжетлерин қолланыў әмелиятынан бизге мәлим, бирқанша ҳуқық бузарлықлар, солардан, лаўазымлы шасхлар тәрепинен пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери кемситилиўи жағдайлары ҳуқықый билимлендириўдиң жетерли емеслиги ҳуқықый мәдениият дәрежеси төменлиги ақыбети.

Усы себепли, ҳуқықлары бузылған пуқаралар өз ҳуқықын қорғаўдың нызам ҳүжжетлеринде көрсетилген механизминен, солардан лаўазымлы шахслардың нызамға қарсы ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен судқа шағым етиў имканиятынан кемде-кем жағдайда пайдаланылады.

Халықтың ҳуқықый саўатлылығын тәмийинлеўде ҒХҚ үлкен әҳмийетке ийе. Халық ортасында юридикалық мәселелерди турақлы басылымлар бетлеринде, телевидение ҳәм радио еситтириўлеринде түсиндирип бериўге кең жол ашып берилиўи көзде тутылған.

Мәмлекет бағдарламасында юридикалық кадрларды таярлаў, қайта таярлаў ҳәм олардың тәжирийбесин асырыўға тийисли бир қатар ўазыйпалар сапардан, юридикалық кадрларды қәнийгелестириў, халыққа ҳуқықый билим бериўди ҳәм ҳуқықый тәрбия жумысларының сапасын асырыў, юридикалық билимди раўажландырыў, оқыў процессин үйрениў, оқытыўшының қураллары ҳәм усылларынан кең пайдаланыў,

билимлендириўдиң әмелият пенен үзликсизлигин күшейттириўден ибаратлығы айтып өтилген.

Халыққа ҳуқықый билим бериў ҳәм ҳуқықый тәрбия жумысларын шөлкемлестириў, сапасын асырыў, болажақ ҳуқықтаныўшыларда зәрүр көнликпелерди қәлиплестириў мақсетинде юридикалық оқыў орынларының оқыў режелеринде ҳуқықый ағартыўшылықтың илимий тийкарлары ҳәм ҳәм қолланбалары курсы бойынша шынығыўлар өткериў көзде тутыў шәртлиги ҳаққында тоқталып өтилген.

Ҳуқықтаныўшыларды қайта таярлаў ҳәм тәжирийбесин асырыў үзликсиз юридикалық билимлендириў системасының мәжбүрий басқышына айланыўы керек. Юридикалық билимлендириў ҳәм илимий изертлеўлердиң әмелият пенен байланыслығын күшейттириў мақсетинде илимий ҳәм педагогикалық хызметкерлер өз қәнийгеликлери бойынша әлбетте судларда, прокуратура, ишки ислер уйымларында, басқа ҳуқық қорғаў уйымларында, сондай-ақ кәрханаларда, адвокатлар бюролары, фирмаларында стажировкадан өтиўди көзде тутыў керек.

Ҳуқықый мәдени ят машқалаларын изертлеўдиң социологиялық негизин раўажландырыў, улыўма жәмийеттеги ҳуқықый мәдeният ҳәм халықтың түрли қатламларының ҳуқықый мәдeният жағдайының ҳақыйқый көринисин анықлаў ушын сораўлар өткериў ҳуқық оның социаллық қәдири ҳәмде тәртипке салыў ўазыйпасы ҳаққындағы жәмәәтшилик пикирин анықлаўдың басқа усылларын қоллаў зәрүр.

Бунда әмелге асырылыўы керек болған төмендеги ўазыйпалар белгиленеди:

Ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириўдиң педагогикалық машқалаларын изертлеўге айрықша итибар қаратылыўы керек. Халық билимлендириў, жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрликлери мәпдар шөлкемлердиң қатнасында жасларды ҳуқықый тәрбиялаўдың илимий тийкарланған қолланбасын ислеп шығыўы керек.

Өзбекстан Республикасының өзине сай қәсийетлерин есапқа алып, шет еллердеги ҳуқықый мәдениятты асырыўға тийисли илимий изертлеўлердиң нәтийжелерин басып шығарылыў ҳәм олардан пайдаланыўды кеңейттириў, бул тараўда илимий информация алмасыўды жолға қойыў әҳмийетке ийе.

Илимий-әмелий конференциялар, семинарлар өткериў, илимий-ғалабалық әдебиятлар ҳәм мағлыўматлар басып шығарыўды көбейттириў халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыў мәселелери бойынша алып барылатуғын илимий изертлеўлерди күшейттириў, илимий ғалабаластырыў жумысына салмақлы үлес болып қосылыўы керек.

### 3.3. Ҳуқықый тарбия ҳәм халықтың ҳуқықый мәденияты

Мәмлекетте пуқаралар ҳуқықый мәдениятының жоқарылығы ҳәмде ҳуқықый саўатлылықты халық пәраўанлығы ҳәмде жәмийет раўажланыўының гиреўи. Ҳәр бир пуқара өз ҳуқықын аңламаса ҳәмде өзин қорғай алмаса, ол өз келешегинен айрылады. Сонлықтан, мәмлекетимиз Президенти "Ғәрезсизлик – ең дәслеп ҳуқық" деген пикирди дәстүрий уран сыпатында ортаға қойыўда шуқыр белгили мәни бар.

"Халықтың ҳуқықый мәдениятын қәлиплестириў ҳәм жетилистириўдеги мәмлекет сиясаты инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң бирлемши әҳмийетке ийе екенлиги, Конституция ҳәм нызамлардың үстинлиги, демократияласыў, социаллық әдилли, ҳуқықый тәрбияның илимийлиги, даўамлылығы ҳәм улыўмалылығы, ҳуқықый мағлыўматлардың ашықлығы, ҳуқықый тәрбия ҳәм саўатлылыққа өзине сай мүнәсибетте болыў сыяқлы тийкарғы қағыйдаларға сүйенеди".

Халықтың заманагөй, пуқаралық жәмийетине сай жаңа ҳуқықый мәденияты ҳәм руўхыйлығын қәлиплестириўде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ҳуқықый шөлкемлестириўшилик мазмундағы бир қатар қарарлары қабылланды.

1997-жыл 10-июндағы "Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлиги системасында пуқаралардың нызамшылықтың бузылыўынан

шағым ҳәм арзаларды көрип шығыў басқармасын дүзиў ҳаққында”ғы, 1997-жыл 21-июлдағы “Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлиги қасында юристлер тәжирийбесин асырыў орайын шөлкемлестириў ҳаққында”ғы, 1997-жыл 22-июндағы “Ҳуқықый ағартыўшылық үгит-нәсият орайын шөлкемлестириў ҳәм ҳуқықый әдебиятларды халыққа жеткерип бериўди жолға қойыў ҳаққында”ғы Қарарлар усылар қатарынан.

Бундай ҳуқықый ҳүжжетлердиң жүзеге келиўи, турмыста енгизилиўи, бир тәрептен жәмийетимиз күн сайын ағартылып, жоқары жетилисип, ҳуқықый дәрежеси асып баратырғанлығының анық көрсеткиши болса, екинши тәрептен, бул ҳүжжетлер халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыў ҳәм ҳуқықый тәрбиясын жақсылаўдағы мәмлекет сиясатын нәтийжели әмелге асырыў ушын исенимли ҳәмде беккем ҳуқықый тийкар жаратылғанлығын аңлатады.

Сол орында “Жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў миллий бағдарламасы” нызам дәрежесинде қабылланған жүдә әҳмийетли ҳүжжет екенлигин ҳәмде оның ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў тараўында турақлы жумыс алып барыўды кең көлемли система жаратыўға қаратылғанлығын айтып өтиў керек. Бул ҳүжжет халықтың ҳуқықый мәдениятын ҳәм социаллық ҳәрекетшеңлигин асырыўды, пуқара, мәмлекет ҳәм жәмийет ортасындағы өз-ара мүнәсибетлерде шерикликти тәмийинлеўди, пуқаралардың ҳуқықый билимлендириў ҳәм ҳуқықый тәрбиясын қурамаластырыўды, мәмлекет аппараты хызметкерлери ҳәм пуқаралардың ҳуқық билимлерди асырыўды, ҳуқықтаныўшыларды таярлаў ҳәм қайта таярлаўды, олардың тәжирийбесин асырыўды, ҳуқықый мәдeният тараўында илимий излениўлер алып барыўды көзде тутады. Бағдарлама ҳәммени ҳәм ҳәр бир инсанды юридикалық әдебиятларды, мағлыўматнамаларды көбейттириўди талап етеди.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде ҳуқықый информацияны жеткериўдиң түрли механизмлери қәлиплестирилип турмысқа ендирилип келинбекте. Халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыў, юридикалық ҳәм

физикалық шахслардың ҳуқықый-нормалық ҳүжжетлерден кең пайдаланыўын тәмийинлеў, жәмийетти ҳуқықый информациялар менен тәмийинлеў системасын раўажландырыў ҳәм әмелдеги нызам ҳүжжетлерин басқышпа-басқыш түрлендириўди шөлкемлестириў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 200-жыл 5-августда "Нызам ҳүжжетлерин жетилистириўди раўажландырыў ҳәм ҳуқықый информацияларды тарқатыўды тәртипке салыў шара-илажлары ҳаққында"ғы Карар қабыл етилди. Бул қарар менен тастыйықланған "Ҳуқықый-норматив ҳүжжетлерди тарқатыў тәртиби ҳаққында"ғы Нызамға тийкарланып ҳуқықый-норматив ҳүжжетлер рәсмий ҳәм рәсмий емес баспаларда, солардан электрон мағлыўматлар базасы арқалы дағазалаў тәртиби белгиленеди.

Бул қарардың логикалық даўамы сыпатында ҳәм бел ҳаққындағы хызметти жәнеде беккемлестириў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 18-октябрде "Өзбекстан Республикасында юридикалық журналлар системасын жәнеде раўажландырыў шара-илажлары ҳаққында"ғы Қарары қабыл етилди. Бул қарар юридикалық журналлардың тийкарғы ўазыйпасы сыпатында пуқаралардың, биринши нәўбетте жаслардың ҳуқықый санасын, олардың сиясий мәденияты ҳәм социаллық белсендилигин асырыў, сондай-ақ, адамлар санасында демократиялық қәдириятларды қәлиплестириўге хызмет ететуғын материалларды басып шығарыў, деп белгиленеди.

Ҳуқықый темаға радио ҳәм телевидение де айрықша итибар қарата баслады. Телевидениениң нызамшылық ҳәм ҳуқықты үгит-нәсиятлаўшы, юридикалық сораўларға жуўаплар бериўши бағдарламаларды халық арасында барған сайын көбирек қызығыўшылық оятпақта. Бирақ бул жумысларды тек ғана турақлы даўам еттириў емес, бәлким, көрсетиўлердиң ҳәр түрлилигине, ҳәммени өзине қаратыўшы жоқары әдебий-руўхый дәрежесине ийе болыўына ерисиў зәрүр, деп есаплаймыз.

“Өзбекстан Республикасының Конституциясы мәмлекетимиздеги демократияның дәрежесин, инсан ҳуқықларының жағдайы, нызамлық ҳәм ҳуқықый-профилактиканы сәўлелендириўши айнасы”. Усы мүнәсибет пенен Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2001-жылы 4-январда қабыл етилген “Өзбекстан Республикасы Конституциясын үйрениўди шөлкемлестириў ҳаққында”ғы Пәрманы халықтың ҳуқықый билим ҳәм мәдениятын асырыў, ҳуқықый билим дәрежесин жәнe де жетилистириў, пуқаралық жәмийетти қурыўға байланыслы процесслерде қатнасыў активлигин күшейттириўге жәнe де түртки болды. Пәрманның бас мақсети – Конституцияның жәмийеттеги орны ҳәм әҳмийетин, мазмун ҳәм мәнисин халық, әсиресе, жас әўладтың ҳуқықый санасы, ойы ҳәм мәдениятына сиңдириў, усылайынша жәмийетте конституцияға, нызамға қарағанда жоқары ҳүрмет орталығын жаратыў, социаллық мүнәсибетлерди конституциялық-ҳуқықый тәртипке салыў дәрежесин жоқары дәрежеге көтериў ең тийкарғысы, халықтың ҳуқықый саўатлылығын асырыў, ҳәр бир пуқара өзиниң конституцияда беккемленген ҳуқық, еркинлик ҳәм бурышларды толық қабыл етиў арқалы өзлигин толық аңлап жетиўге ерисиў.

Конституция жәмийет ҳуқықый системаның орайлық өзеги. Мәлим ҳуқықый система раўажланыўының стратегиялық бағдарларын белгилеўши ҳуқықый сиясаттың негизинде Конституция турады. Ол ҳуқықый система, оның барлық элементлери раўажланыўының демократиялық тәреплерин, олардың инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге бағдарланғанлығын белгилейди. бул қәсийет пуқаралық жәмийети ҳуқықый мәдениятты пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ушын жүдә әҳмийетли.

Мәмлекетимизде пуқаралық жәмәәтти қурыў процеслерин тезлестириўде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 23-июнда кабыллаган «Өзбекстан пуқаралық институтларын раўажландырыўға жәрдемлесиўдеги шара-илажлары ҳаққында»ғы карары әҳмийетли сиясий-ҳуқықый ўакыя болды.

Бул қарарда айтылыўынша, пукаралық жамийеттиң ҳәр турлилиги институтларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў Өзбекстанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет, базар экономикасына ийе болған ашық пукаралық жәмийеттиң дүзиў жанындағы әҳмийетли ўазыйпа есапанады. Итибарлы тәрепи тәрепи сонда, карарға тийкарланып «Мәмлекетлик емес комерциаллық шөлкемлерди коллап-қуўатлаў республика коры» шолкемлестирилди. Оның ўазыйпалары катарында пуқаралық жәмийетти институтларының ҳуқыкый санасы ҳәм ҳуқықый мәдениятын жетилистириўде актив қатнасына баҳа бериўге айрықша итибар қараткан.

Социаллық-ҳуқықый мәдениятты теориялық жақтан изертлеўде адебиятларда бар пикирлерди улыўмаластырып, оның томендеги илимий класификасиясын усыныў мумкин.

а) Мәмлекет ҳәкимияты шолкемлериниң ҳуқықый маденияты

(биринши тур)

б) пуқаралық жәмийетти (институтлары) дүзилислериниң ҳуқықый мәденияты (екинши тур)

в) Жамийеттиң турли социаллық топарын катламлары ҳәм пукаралардың ҳукыкый мәденияты (ушинши тур)

биринши тур ҳуқықый мадениятка томендегилерди келтириў мақсетке муўапық;

-парламенттиң ҳуқықый мәденияты

-аткарыў ҳәкимияты шолкемлериниң ҳуқықый мәденияты;

-әдел судлаўдың ҳукықый мәденияты;

-Ҳуқық қорғаў болимлериниң (олардын хызметкерлериниң) ҳуқыкый маденият;

Екинши тур ҳукықый мадениятка томендегилерди киритиў мумкин.

-жәмәәт бирлеспелериниң (касиплик аўкамлар, жаслар шолкемлери, адвокатлар аўқамлары, ҳаял-кызлар шолкеми ҳ.т.б.)

Ҳукыкый мәдeният;

-сиясий партиялардың хуқыкый маденияты

-пуқаралар озин-өзи баскарыя оргонларының ҳуқықый мәденияты:

-мәмлекетлик емес шолкемлердиң ҳуқықый маденияты.

Ушинши түр ҳуқықый мадениятқа томендеги формаларды жәмлеў мумкин:

-Жаслардың ҳуқықый маденияты;

-Ҳаяллардың хуқықый маденияты;

-студентлердиң хуқықый маденияты;

-исбилерменлердиң ҳукықый маденияты ҳәм баскалар:

Юридикалық билимлендириў ҳукықый сана ҳәм мадениятты кәлиплестириўдиң зарурли куралы, ҳуқықый мәмлекеттиң сүйениши, Ҳукықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жамийетти дүзиў баслы максетимиз екен, демек, юридикалық билимлендириўдин жетискен заманагөй системасын жаратыў биринши дәрежели ўазыйпа болыўы лазым.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис тәрепинен кабыл етилген «Жәмийетти хуқықый мадениятты жетилистириў миллий бағдарламасы»да «Пухаралардың ҳуқықый билими ҳәм ҳуқықый тәрбиясының раўажландырыў» деп аталган айрыкша бөлимниң барлығы ҳуқықый мәдениятты кәлиплестириўде юридикалык билимлендириўге улкен әҳмийет берип атырғанлығының далийли.

Ҳәзирги күнде мәмлекетимиздиң ҳуқықый билимлендириўди раяажландырыў ҳәм хуқықый тәбиятын кушейттириў тараўындағы амелге асырылып атырған ис-илажлар төмендегилерден ибарат:

-Мәмлекетимизде ҳуқықый тарбия ҳәм билимлендириўдиң тийкарғы шолкемлестириўшиси сыпатында билим ҳам тарбияның усыллары ҳәм кураллары, бул жумыс ислеп атырган мекемелер дүзилисин тураклы түрде раўажландырып барыўы ҳәмде ҳуқықый тарбия ҳәм хуқықый билиминиң сестемаларын қалиплестириўге жардем береди.

Халық ҳуқықый мадениятын асрыўда мәмлекет дузилислерин ҳәм жәмәәт бирлеспелерин Кен шериклигин тамийнлеў; бул жумысты муўапықластырыў, кешиктирип болмайтугынын ҳәм кепилликтеги

ўазыйпалрды аныклаў Өзбекстан Республикасы Әдиллик Минстириниң хәм юристлер жәмәәт бирлеспелери жумысларының ең әҳмийетли багдарламаларынан болып калыўға ерисиў.

-Ҳуқықый тарбия ҳәм билимлендириўдиң текғана билимлендириў ҳәм тарбия мекемелери тарепиненгана емес, балким ҳукык қорғаў оргонлар, мәмлекетлик оргонлардың ҳәм карханаларының (мекемелер, шөлкемлердиң) жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың оргонлардың юридикалық хызметкерлери катнасындада амелге асырыў;

-Ҳуқықый билим ҳәм ҳуқықый тарбияның оларды мектепке дейин тарбия мекемелери улыўма билимлендириў мекемелеринде алып барыў көзде тутыўшы норматив ҳәм окыў услубый жумысларды ислеп шығыў. тасдиклаў ҳәм жана окыў пәнлерин енгизиў:

-Ҳуқыкый панлер тийкарларын шукыр үйрететуғын окыў орынлдары ҳәм оларда таярланатугын юридикалық кадрлардың санын экономикалық, социаллық, демографиялық жағдай ҳәм жәмийеттиң тийисли кәнигелерге болган талантын белгилеўши баска факторларды итибарға алган ҳалда аныклаў.

-сабаклар, окыў қолланбалары ҳәм баскада әдебиятлар таярлаў хам басып шығарыўды мәмлекет тарепинен коллап-куўатлаўды кушейттириў, ҳуқықый панлерин оқытыўдың мәмлекетлик билимлендириў стандартларын белгилеў:

-билимлендириў ҳәм мекемелерине байланыслы болмаган шаклардың жумысшылар, хызметкерлер, ускенелери, пенсионерлер, әскерий хызметкерлер, ҳәм баскалардың ҳуқықый тарбиясын ҳам ҳуқықый билимлендириў системасынраяажландырыў бул жумыска мәмлекеттиң окыў орынлары, илимий-изертлеў институтлары, ҳуқықтаныўшы алымлар ҳәм баска қанигелерди тартыў.

Жокарыдағыларға суйенген ҳалда жуўмак шығарыў мумкин, XXI асир кәнигеси солардан ҳуқықтаныўшы қәнигеси, ғәрезсиз түрде жаңаша ҳуқықый дастүри тийкарында пикирлей алатуғын кең ҳуқықый дуня

караска ийе болған, шахслар аралық мүнасибетлерди руўхый таризде жалға қоя алатуғын, халқаралық ҳуқықтың жоқары стандартларынан хабардар болган, қарсы жағдайларға ҳуқықый шешим таба алатуғын ҳар тареплеме мағлуматлы ҳәм тәжирийбели касп ийеси болыўы лазым.

Өзбекстан Республикасы конституциясы идеологиялық ҳәм сиясий ҳәр тәреплеме принципин белгилейди. Өзбекстан Республикасы Конституцияның 12-статьясына муўапық[1], ҳеш қайсы идеология мәмлекетлик идеологиясы спатында орнатылыўы мумкин емес. Бул бағдарда жәмәәтшиликтиң ҳәнр бир адамның куш жигерин бирлестирў зарүр. Бизиң пикиримизше төмендегилер заманагөй ҳуқықый мәдeният пайда болыўының тийкарғы жоллары спатында корсетилип өтилиўи мүмкин.

1) Халқты кең колемде ҳуқықый хабардар кылыў (ҳуқықый үгит-нәсиятты жолға қойыў)

2) Ҳуқықый санасын қалиплестириў (ҳуқықый билимлендириў)

3) Нызамлы минез-қулқ конликпелерин ҳәм әдетлерин қәлиплестириў.

Жуўмақлаў орнында соны айтып өтиў керек, мәмлекетимизде раўажланған мәмлекетлерге сай келетуғын юридикалық беккемлеўдиң нәтийжели системасын пайда етиў, соның менен бирге ҳуқықый системасының ҳәрекетлиендириўши субектив факторы болған юрист кадрлардың әсиресе, ҳуқықты қорғаў шөлкемлери хызметкерлдериниң профиссионал ҳуқықый мәдениятын орнатыў пуқаралық жәмийетин табыслы қәлиплестириўдиң әҳмийетли гиреўи.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Тошкент: Ўзбекистон, 2008. 5-б.

# Жуўмақлаў

Хуқықты түсиниў категориясының мазмун мәнисин еки түрли тәлийматқа қараўымыз керек. Бириншиси-ҳуқықты түсиниў ҳуқықтың мәниси, түсиниги ҳәм жәмийетлик ўазыйпасы ҳаққындағы пикирлер жыйындысы. Бунда ҳуқықты түсиниўге теориялық-ҳуқықый категория сыпатында қаралады. Ол өз ишине ҳуқық ҳәм ҳуқықый ўақыялықлардың пайда болыўы, раўажланыўы ҳәм ҳәрекет етиўиниң улыўма нызамлықларын қамрап алатуғын билимлер системасынан ибарат. Екиншиси-ҳуқықты түсиниў ҳуқықты билиўдиң өз қураллары, усыллары, институтларына ийе болған арнаўлы бағдар. Бул түсиник кеңрек мазмунға ийе болып, ол ҳуқықый ҳәдийселерге қарағанда барлығын қамрап алады. Бунда ҳуқықты түсиниў ҳуқықты билиўге қаратылған арнаўлы хызмети сыпатында көрсетиледи.

Ҳуқықты түсиниў юридикалық пәнлердиң раўажланыў тенденцияларын белгилеп бериўши ҳәм методологиялық әҳмийетке ийе теориялық-ҳуқықый категория болып есапланады.

Ҳуқықый мәденияттың жетекши пкирлери нызамлылық, әдалат, тең ҳуқықлылық, шахс ҳуқықларына болған жоқары талапшаңлық, нызамға бойсыныў, ҳуқықлар ҳәм ўазыйпалар бирлиги ҳәм исендириў менен мәжбүр қылыўдың ажыралмас екенлиги менен беккем байланыслы.

Бул қәнийгелик жумысын изертлеў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларды шығарыў мүмкин:

1. Ҳуқықый мәдениятты руўхый турмыстың ўақыялығы сыпатында юридикалық жақтан теориялық талқылаў ушын «мәдeният формасы» түсинигин адекват талқылаў оғада әҳмийетли. Бул түсиниклерден пайдаланыў мәдениятының өзи ҳаққында синтетик көз-қарасларын пайда етиў ушын үлкен гноселогиялық имканиятқа да ийе. Диссертанттың пикиринше, бундай түсиниклерге ийе болыў ушын «мәдeният формасы»

түсинигин улыўма мәденияттың әмел қылыў, шөлкемлесиў, жасаў, көриниў усылы деп талқылаў нәтийжели болады.

2. Ҳуқықый мәдeният объекти (предмети) ҳаққындағы мәселени оның субъекти мәселесинен ажыратыў методология жағынан өзин ақламайды. Объектив ўақыялықты ҳуқықый мәденияттың өзи емес, ал оның субъектлери сәўлелендиреди, биледи, өзлестиреди. Ҳуқықый мәдeният арнаўлы, тек өзине сай объект ҳәм субъектке ийе емес. Ҳуқықый мәдeният социаллық мәденияттың социаллық субъектлерине объект сыпатында социаллық барлықтың өзи қарама-қарсы турады.

Улыўма мәденияттың субъекти ҳуқықты сәўлелендиргенде, билгенде, өзлестиргенде ҳуқықый мәденияттың субъекти болып қалмайды. Ол ҳәдийселер, процесслер, институтларды олардың ҳуқыққа қарсылығы көз-қарасынан келип шыққан, оларды ҳуқықтың өлшемлерине салған ҳәмме жағдайларда да ҳуқықый мәдениятты жүзеге шығарады.

Ҳәзирги ўақытта бул формалар ортасындағы уқсаслық белгили дәрежеде өзгермекте. Ҳуқықый мәдeният, руўхыйлық тараўында алдыңғы орынға шығып барыўында оның жәмийетти демократияластырыў процеси менен диалектикалық байланысы сәўлеленбекте. Бул байланыстың және бир тәрепи соннан ибарат, улыўма мәденияттың жағдайы демократиялық раўажланыўының ең әҳмийетли шәртлеринен бири болады. Жәмийет турмысында ҳуқықый мәденияттың роли асып барыўы демократия процессиниң нызамлықларынан бири сыпатында жүзеге шығады.

Ҳуқықый мәденияттың әҳмийетли жәмийетлик субъекти жаслар. Ҳәзирги ўақытта олар жәмийет ҳуқықый мәдениятының бирликтеги субъекти, бирликтеги мийнети ҳәм оның түсиндириўшилеринен бири. Жаслардың ҳуқықый мәдeният субъекти сыпатындағы қәсийетлери оның социаллық барлығы ҳәм усы социаллық-демократиялық топардың өзине сәйкеслигин жүзеге шығарады.

Жаслардың ҳуқықый мәденияты топар ҳуқықый мәдениятының бир түри сыпатында социаллық-демократиялық топар болған жасларға сай

мәденият қәсийетлериниң жыйнағы. Ол жаслар ҳуқықый көз-қарасларының жыйнағы емес, ал сыпат жағынан басқаша руўхый жемис болып табылады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: реформалардың табысы, ең дәслеп мәмлекетимизди және де демократияластырыў ҳәм либералластырыў жолындағы тынымсыз ҳәрекетлеримиз пәтлерине, пуқараларымыздың жәмийетлик-сиясий белсендилигине, олардың сиясий ҳәм ҳуқықый мәдениятының жоқарылығына ҳәм өз-өзинен аян, биринши нәўбетте сиясий партиялардың жетиклик дәрежесине, олардың Өзбекстанымыздың тәғдири ҳәм келешегине қатнасы бундай үлкен жуўапкершиликли ўәкилликлерди өз мойнына алыўға қай дәрежеде таярлығына тиккелей байланыслы екенлигин умытпаўымыз керек[1].

Ҳақыйқатындада демократиялық процесслерди тереңлестириў ҳәм халықтың ҳуқықый мәдениятын артырыў ушын халықтың сиясий белсиндилигин күшейтириў, мәлимлеме алыў еркинлигин тәмийинлеў, ғалаба хабар қуралларын адамлар өзиниң пикир ҳәм идеяларын, жүз берип атырған ўақыяларға өзлериниң мүнәсибетин ҳәм позициясын еркин билдириў, сондай-ақ пуқаралық институтлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң белсендилиги күшейтириў керек.

Жоқарыдағыларға тийкарланып жуўмақта соны билдириўимиз мүмкин: -мәмлекетлик уйымлар хызметкерлери, лаўазымлы шахслар өз ўазыйпаларын мәдений дәрежеде әмелге асырыўы ҳәм халық пенен сәўбетте болғанда мәдений дәрежесине ийе болыўын тәмийнлеў мақсетинде «Мәмлекет хызметкерлериниң әдеп-икрамлық кодексин», пуқаралық

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

жәмийет институтларын мәмлекетлик басқарыў уйымлары үстинен қадағалаў алып барыўдың ҳуқықый механизмлерин пайда еттириў мақсетинде «Мәмлекетлик уйымлар хызмети үстинен жәмәәтлик қадағалаў ҳаққында»ғы нызамларды  қабыллаў мақсетке муўапық болады.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими.


1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. I-. Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. - Тошкент: «Ўзбекистон», 1996. 3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3.- Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.
3. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. - Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.-3945.
4. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш-давр талаби. Т. 5-Тошкент: «Ўзбекистон», 1997.
5. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т. 6.- Тошкент: «Ўзбекистон», 1998.
6. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.7.-Тошкент: «Ўзбекистон», 1999.
7. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз Т. 8. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2000.
8. 1.9. Каримов И А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т. 9.-Тошкент: «Ўзбекистон», 2001.
9. Каримрв И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10.-Тошкент: «Ўзбекистон», 2002.
10. Каримов И.А. Биз танлаган йўл — демократик тараққиёт ва маъри-фий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2003.
11. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-кудратимизга, ҳам-жиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т. 12. -Тошкент: «Ўзбекис-тон», 2004.
12. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т. 13 - Тошкент: «Ўзбекистон», 2005.
13. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т. 14. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2006.
14. Каримов И.А. Жамиятимизни эркинлаштириш,ислоҳотларни чу-қурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш - барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. Т.15. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2007.
15. Каримов.И.А. Ўзбекистоннинг 16 йиллик мустақил тараққиёт йўли. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2007.
16. Каримов И.А. Асосий мақсадимиз - юртимизда эркин ва обод, фаровон ҳаёт барпо этиш йўлини қатъият билан давом эттиришдир. -Т.: «Ўзбекистон», 2007.
17. Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. —Т.: «Маънавият», 2008.
18. Каримов И.А. Жамиятни эркинлаштириш,ислоҳотларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш – барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. Т.15. – Тошкент: Ўзбекистон, 2007.
19. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. –Тошкент: Ўзбекистон, 2008.
20. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. – Тошкент: Ўзбекистон, 2009.
21. Каримов И.А. Миллий давлатчилигимиз тарихининг мумтоз намунаси. "Темур тузуклари"нинг янги нашрига бағишланган сўзбоши. // Халқ сўзи. 2011 йил 9 апрель. № 70 (5237).
22. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. –Т.: "Ўзбекистон" 2011.
23. .Каримов И.А. Бизнинг йўлимиз-демократик ислоҳотларни чуқурлаштириш ва модернизация жараёнларини изчил давом этириш йўлидир // Инсон ва қонун. 2011 йил 8 декабрь

24. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида.-Т.: “Ўзбекистон”, 2012.
25. Каримов И.А. 2012 йил ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтариладиган йил бўлди Ўзбекистон Республикаси И.А.Каримовнинг 2011 йилнинг асосий якунлари ва 2012 йилда Ўзбекистоннинг ижтимоий иқтисодий ривожлантиришнинг устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Махкамасининг мажлисидаги маърузаси// Халқ сўзи, 2012 йил 20 январь, № 14 (5434).
26. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Тошкент: Ўзбекистон, 2008.
27. Ўзбекистон Республикасининг «Таълим тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 1997. -№9. 225-модда.
28. Жамиятда ҳуқуқий маданиятни юксалтириш миллий дастури // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1997.-№9. 227-модда.
29. Ўзбекистон Республикасининг «Кадрлар тайерлаш миллий дастури тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 1997. -№11-12. -259-модда.
30. Ўзбекистон Республикасининг «Давлат бошқарувини янгилаш ва янада демократлаштириш ҳамда мамлакатни модернизация қилишда сиёсий партияларнинг ролини кучайтириш тўғрисида»ги Конституциявий қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси. 2007.-№4. -161-модда.
31. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Кенгашининг 1996 йил 5 апрелдаги «Ўзбекистон Республикасида суд ислоҳотини янада ри-вожлантириш дастури тўғрисида» Қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. — №3. — 47-модда.
32. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1997 йил 25 июндаги «Ҳуқуқий тарбияни яхшилаш, аҳолининг ҳуқуқий маданияти даражасини юксалтириш, ҳуқуқшунос кадрлар тайёрлаш тизимини такомиллаштириш, жамратчилик фикрини ўрганиш ишини яхшилаш ҳақида»ги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1997.-№7. -179-модда.
33. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2001 йил 4 январдаги «Ўзбекистон Республикаси Конституциясини ўрганишни ташкил этиш тўғрисида»ги Фармойиши // «Халқ сўзи». -Тошкент, 2001 йил 5 январь.
34. Абдусаломов.М.Ю. ва бошқ. Ўзбекистон Республикаси Конституциясига шарҳ. -Т.:«Ўзбекистон», 2001. -591 б.
35. Азизходжаев А.А. Демократия халқ ҳокимияти демакдир. —Т.: «Шарқ», 1996
36. Азизходжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. —Т: Шарқ, 1997. Жалилов Ш.И. Кучли давлатдан кучли жамият сари.—Тошкент, 2001
37. Исламов 3. Обшество. Государство. Право. (Вопросн теории). -Ташкент: Адолат, 2001. Исломов З.М. Фуқаролик жамияти: кеча, бугун, эртага. - Тошкент: ТДЮИ, 2002.
38. Исломов З.М. Ўзбекистон модернизациялаш ва демократик тараққиётсари. -Т.:Ўзбекистон, 2005.
39. Исмоилов Н.М. Қонун ижодкорлик фаолиятида миллий қадриятларнинг ўрни / Миллий қадриятлар ва шахс ижтимоий ҳимоясининг ҳуқуқий механизмини такомиллаштириш.-Тошкент Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2007.
40. Рахмонов А.Р. Фуқаролик жамияти: ютуқлар, муаммолар, истиқ-боллар. Ўқув қўлланмаси.-Тошкент. «Академия», 2007
41. Саидов А., Таджиханов У. Давлат ва хуқуқ назарияси: Икки жилдли. 1-жилд. Ҳуқуқназарияси. -Тошкент, 2001.
42. Саидов А., Таджиханов У. Давлат ва ҳуқуқ назарияси: Икки жилдли. 2-жилд. Ҳуқуқназарияси. -Тошкент, 2001.
43. Собиров Б., Эргашев А.А. Ҳуқуқий маданиятни шакллантириш механизмида

ҳуқуқий тарбиянинг ўрни. – Т.: 2011.
44. ОдилқориевХ. Конституция вафуқароликжамияти.-Тошкент: Шарқ, 2002.
45. Одилқориев Х.Т., Ғойибназаров Ш.Ғ. Сиёсий маданият. - Тошкент: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2004.
46. Одилкрриев Х.Т. Фуқаролик жамиятининг моҳияти ва қадриятлари тизими / Ўзбекистонда фуқаролик жамиятини шакллантириш: муаммо ва ечимлар.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.
47. Одилқориев Х.Т. Суд ҳокимияти ва касбий ҳуқуқий маданият / Суд-ҳуқуқ ислоҳотлари: ҳозирги ҳолати ва такомиллаштириш истиқболлари. -Тошкент: ТДЮИ, 2007.
48. Шарифхўжаев М. Ўзбекистонда очиқ фуқаролик жамиятининг шаклланиши. - Тошкент: Шарқ, 2003.
49. Ўзбекистон юристларининг «Фуқароларни ҳуқуқий ҳимоя қилиш ва аҳрлининг ҳуқуқий маданиятини юксалтириш» мавзусига бағишланган конференцияси материаллари.—Тошкент: «Адолат», 1996.
50. Х.Маматов. Ҳуқуқий маданият ва жамиятнинг шаклланиш муаммолари.Тошкент-2009.

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

«Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў» кафедрасы

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема:** «Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәденияттың туткан орны».

Илимий басшы: ю.и.к.доц. З.А.Рейимова

Орынлаған: 4 курс студенти Режепов.

**НӨКИС-2012**

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Тарийх ҳәм ҳуқық факультети юриспруденция бағдарының 4 курс студенти Режеповтың «Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәденияттың тутқан орны» атлы қәнигелик жумысына

## Б А Ҳ А Л А Ў

Өзбекстан Республикасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳуқықый мәдениятты жетилистириў ушын шараятларды жаратпақта, инсанлардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийнлеўге кепиллик бермекте. Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримовтың айтқанындай: «Халқымыз, әсиресе жаслардың ҳуқықый санасынҳәм мәдениятын жетилистириўге қаратылған ис-илажлар дәстүрлери кең көлемде әмелге асырыўға айрықша итибар бериў керек» -дейди. Бунда Президент ҳәр бир пукара өзиниң ҳуқық ҳәм еркинликлерин билсие ҳәм оный қорғай алсын деп көрсетеди.

Халқымыздың ҳуқықый мәдениятын асырыў, ҳуқықый кадрларды таярлаў, нызамлар ҳәм де басқа да ҳуқықый ҳүжжетлер әҳмийетин халыққа толық ҳәм терең жеткериў ҳәзирги дәўирдиң талабы.

Жоқарыдағыларға тийкарланып қәнийгелик жумысы «Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәдениияттың тутқан орны» деп аталып. Бул қәнигелик жумыста автор ҳуқықый мәдeният түсиниги, жамийетте ҳуқықый маденияттьі жетилистириў миллий багдарламасын бағдарламасынын дузилиси хам оның жәмийетимизде тутқан орны ҳәм әҳмийетин ашып бере алған. Қәнигелик жумысы кирисиў, үш бап, жети параграфтан, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ Режепов тәрепинен орынланған жумыс қәнигелик жумысқа қойылатуғын талапларға толығы менен жуўап береди ҳәм оның ашық жақлаўы ушын мәмлекетлик аттестация комиссиясына жибериўге ылайық деп есаплайман.

Илимий басшы: ю.и.к.,доц. З.А.Реймова

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Тарийх ҳәм ҳуқық факультети юриспруденция бағдарының 4 курс студенти Режеповтың «Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәденияттың тутқан орны» атлы қәнигелик жумысына

# П И К И Р

Президентимиз И.А.Каримовтың айтқанындай - «… инсанлардың сиясий санасы ҳәм билим дәрежеси қаншелли жоқарыласа, биз демократия жолында қаншелли көп унамлы өзгерислерге ериссек, еркинлестириў процесслери де соншелли тезлеседи» деп атап өткен еди.

Қәнигелик жумысында халқымыздың ҳуқықый мәдениятын асырыў, ҳуқықый кадрларды таярлаў, нызамлар ҳәм де басқа да ҳуқықый ҳүжжетлер әҳмийетин халыққа толық ҳәм терең жеткериў мәселелери келтирип өтилген. Сондай-ақ, халықтың ҳуқықый мәдениятын асырыў ҳәм ҳуқықый тәрбиясын жақсылаў бойынша алып барылып атырған ислер мәмлекет сиясатының тийкарғы бағдарларынан бири екенлиги баслама етип алынған. Қәнигелик жумыста автор ҳәкимият ўәкилликлериниң бөлистирилиўи-ҳуқықый мәденияттың конституциялық принциплери екенлигин айқын дәллилеп берип оны мысаллар менен келитирип өткен.

Қәнигелик жумысының қурылысы кирисиў, үш бап, жети параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар ибарат.

«Пуқаралық жәмийетти қурыўда ҳуқықый мәденияттың тутқан орны» атлы қәнигелик жумысына жазыўда автор нызамлардан, Президент мийнетлеринен, көплеген ҳуқықтаныўшы илимпазлардың әдебиятларынан пайдалана билген. Соның менен бирге Өзбекстан Республикасында пуқаралық жәмийет ҳуқықый мәдениятын жетилистириў мәселелерин, суд-ҳуқық реформаларының ҳуқықый мәдениятын жетилистириў машқалалары изертлеген.

Улыўма алғанда, бул жумыс жақсы жазылған болып қәнигелик жумысы талапларына толық жуўап береди ҳәм де ашық қорғаўға жибериўге ылайықлы деп есаплайман.

Пикир билдириўши: ю.и.к.доц.Гулимов А.

Хукыкый талим ҳам хукыкый тарбия системасын жетилистириу

**Хукыкый маденияттты калиплестириу системасын жаратыу уазыйпалары**

Барлык мамлекет органлары, лауазымлы шахслар хам пукаралардын нызамга хамде хукыкка хурмет пенен мунасебетте болыуына ерисиу

Халыктын хукыкый сауатлылыгын асырыу

Пукаралардын жамийетлик-хукыкый активлигин тамийнлеу




Хукыкый талим ҳам хукыкый тарбия системасын жетилистириу
Хукыкый мадениятты калиплестириу системасын жаратыу уазыйпалары
Барлык мамлекет органлары, лауазымлы шахслар хам пукаралардын нызамга хамде хукыкка хурмет пенен мунасебетте болыуына ерисиу
Халыктын хукыкый сауатлылыгын асырыу
Пукаралардын жамийетлик-хукыкый активлигин тамийнлеу


Ҳуқықый мадениятты калиплестириу хам жокарылатыу тарауындагы мамлекет сиясаты принциплери
инсан хуқық хам еркинликлеринин устинлиги
Конституция хам нызамнын устинлиги
демократияга тийкарланганлык
жамийетлик адалат
илимийлик
узликсизлик
ҳуқықый тарбиядаги мийраслык ҳамде улыумалык
ҳуқықый информациянын ҳамме ушын ашықлыгы
ҳуқықый тарбия хам ҳуқықый талимнин бирлиги ҳамде оларга катламластырылган жантасыу




**Ҳуқықый маденияттты калиплестириу хам жокарылатыу тарауындагы мамлекет сиясаты принциплери**

- инсан ҳуқық хам еркинликлеринин устинлиги
- Конституция хам нызамнын устинлиги
- демократияга тийкарланганлык
- жамийетлик адалат
- илимийлик
- узликсизлик
- ҳуқықый тарбиядаги мийраслык ҳамде улыумалык
- ҳуқықый информациянын ҳамме ушын ашықлыгы
- ҳуқықый тарбия хам ҳуқықый талимнин бирлиги ҳамде оларга катламластырылган жантасыу